ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№116 (23.247) ● 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## Санкт-Петербург щекIуэкI дунейпсо экономикэ зэхыхьэшхуэм и зэIущIэ зыубгъуам Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыщыпсэлъащ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий

**Къэралым и Iэтащхьэм къыхилъхьащ Урысейм и экономикэм адэкIи зэпIэзэрыту зиужьынымкIэ зыхуэфащэ Iуэхухэр: «Урысейм хузэфIэкIащ экономикэм къылъыкъуэкIа гугъуехь нэхъыщхьэхэр къызэринэкIын. Дэ дыщогугъ зэман гъунэгъум къриубыдэу абы зиужьу щIидзэжыну. Дэ гъэтIылъыгъэхэр тхъумэн тхузэфIэкIащ, къэралым ахъшэу ирашри 2015 гъэм и япэ кварталым елъытауэ хуэдитхукIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Ахъшэм и уасэри апхуэдэу псынщIэу кIэрыхужыркъым».**

НЭГЪУЭЩI къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщIэнымкIэ программэр зэрагъэзащIэм и гугъу щищIым, Путин В. В. зэрыжиIамкIэ, «сырьем и пIэкIэ абы къыхэщIыкIа продукцэу ящэм хэгъэхъуэнымкIэ, урысей компаниехэр дунейпсо производствэ, технологие зэгухьэныгъэу зэтегъэувэнымкIэ ар мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэхъэнэщ. ИкIи абыхэм яIыгъынур етIуанэ-ещанэ увыпIэхэркъым, атIэ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ, лэжьыгъэшхуэ дэзых зэгухьэныгъэу зыкъызэкъуахынущ».

Президентым къигъэлъэгъуащ Стратегие зыужьыныгъэмрэ проект пэрытхэмкIэ совет мыгувэу къызэрызэрагъэпэщынур. А IуэхущIапIэщIэр елэжьынущ экономикэми социальнэ IэнатIэми я зэхэлъыкIэхэр гъэтэмэмыным ехьэлIа Iуэху нэхъыщхьэхэм: гуащIэдэкIым къыпыкI хъерым хэгъэхъуэным, экономикэм щыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным, бизнесым и IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ защIэгъэкъуэным, апхуэдэ нэгъуэщI Iуэхухэми. Ахэр ведомствэ щхьэхуэм зэригъэуIуфынукъым икIи апхуэдэ лэжьыгъэхэм жыджэру къыхыхьэн хуейщ щIыналъэхэмрэ муниципалитетхэмрэ: «А псоми къадэкIуэу социальнэ унэтIыныгъэ зиIэ къэрал программэхэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, псэупIэ Iуэхухэм пыщIахэм, IупщIу къыщыхагъэщхьэхукIынущ проектхэм я Iыхьэхэр икIи абыхэм къыщагъэлъэгъуэнущ 2020 гъэм, 2025 гъэм ирихьэлIэу зэфIэдгъэкIыну ди мурадхэр, а мурадхэр къыдэхъулIэн папщIэ къэдгъэсэбэпыну хэкIыпIэ пыухыкIахэр», - жиIащ Путин Владимир и псалъэр щиухым.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэрым Ищхъэрэ-КъухьэпIэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм зэрапыщIам зрегъэубгъу



**Санкт-Петербург щекIуэкI XX дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм и лэжьыгъэм хиубыдэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А., Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ищхъэрэ-КъухьэпIэ федеральнэ округым щыIэ Булагин В. И., Санкт-Петербург къалэм и губернатор Полтавченкэ Г. С. сымэ зэхуэзащ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ищхъэрэ-КъухьэпIэ федеральнэ округым хиубыдэ щIыналъэхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, ди республикэмрэ Санкт-Петербургрэ я сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, гуманитар зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэувахэр гъэзэщIа зэрыхъум. ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщхьэхукIащ мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм, промышленностым я IэнатIэхэм, социальнэ IэнатIэм, апхуэдэу псоми я сэбэп зыхэлъ нэгъуэщI Iуэхухэм пыщIауэ зэрызэдэлажьэр нэхъри егъэфIэкIуэн хуейуэ къызэралъытэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## КIуэкIуэ Юрий УФ-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Донской Сергей хуэзащ

**Санкт-Петербург щекIуэкI XX дунейпсо экономикэ зэхыхьэшхуэм хиубыдэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. хуэзащ Урысей Федерацэм щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Донской С. Е.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщаIэтащ щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным, щIыналъэм и экологиер хъумэным, псы Iуфэхэр гъэбыдэным, кIэрыхубжьэрыхухэр зэхуэхьэсынымрэ зыхуей хуэгъэзэнымрэ япыщIа Iуэхухэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Медицинэм и лэжьакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Медицинэм и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ си гуапэу сохъуэхъу фIыщIэрэ пщIэрэ зыпылъ IэщIагъэм - узыншагъэр хъумэным зи гъащIэр хуэзыгъэпса псоми.

Захуагъэ хэлъщ медицинэр цIыхум къыдалъху IэщIагъэу зэрыжаIэм. Фи къалэныр гугъущ икIи жэуаплыныгъэ зыпылъщ, фи IэщIагъэм къегъэув къаруущэ, зэфIэкIыу, щIэныгъэу фиIэмрэ фи гу хуабагъэмрэ Iуэхум ефхьэлIэну. Халат хужьхэр зи фащэ цIыхухэм я гуапагъэмрэ я гущIэгъумрэ хущхъуэм нэхърэ щынэхъ хущхъуэгъуэ Iэджэрэ урохьэлIэ. Дэнэ фыщымылажьэми - поликлиникэм, стационарым, фельдшер-акушер пунктым, нэгъуэщI щIыпIэ фыщыIэми, фэ фэлъытащ цIыху къызэрыгуэкIхэм, абыхэм я унагъуэхэм, зэрыщыту ди цIыхубэм я къэкIуэнур. ЦIыхубэм пщIэшхуэ хуащI гудзакъэрэ щабагъэрэ зэрыфхэлъым, фи IэнатIэр жэуаплыныгъэ фхэлъу зэрефхьэкIым.

Республикэм и къэрал властым и органхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр ефIэкIуэным, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ тэмэмхэр ягъуэтыным гулъытэ хэха дяпэкIи хуащIынущ, медицинэм и лэжьакIуэхэм я псэукIэр къызэраIэтыным яужь итынущ.

Республикэм и медицинэ лэжьакIуэхэм махуэ къэс ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм ехъулIэну, узыншагъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ яIэну сохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьыным куэд зэрыхащIыхьам, я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэр***

**Дыджэ Владимир Мусэ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм торакальнэ хирургиемкIэ и къудамэм и дохутырым-торакальнэ хирургым

**Тутыкъу Аслъэн Борис и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм торакальнэ хирургиемкIэ и къудамэм и унафэщIым, дохутырым-торакальнэ хирургым

**Удаловэ Ольгэ Николай и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэм медицинэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэм

**Эфендиев Ильяс Хьэмид и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Къалэ клиникэ сымаджэщ №1» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутырым-хирургым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр***

**Ашуевэ Зухра Мухьэмэд и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Жьэн узыфэр зыпкърытхам щеIэзэ диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и медсестра нэхъыщхьэм

**Мэцыхъу Уэзирэт Хьэсэнбий и пхъум** - Бахъсэн къалэ округымрэ Бахъсэн муниципальнэ районымрэ я «Центральнэ район сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм хирургиемкIэ и къудамэм и санитаркэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м*
*№73-УГ*



## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым икIауэ Санкт-Петербург щеджэ щIалэгъуалэм яIуощIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий мэкъуауэгъуэм и 16-м Санкт-Петербург щаIущIащ ди республикэм щыщу а къалэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэс студентхэм. Сыхьэтищым щIигъукIэ екIуэкIа псалъэмакъым хиубыдэу къаIэтащ ди щIыналъэм дяпэкIэ игъуэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къэралым и щIалэгъуалэ политикэр зэрыщыпхагъэкIым, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIухыным пыщIа Iуэхухэр. Студентхэр щIэупщIащ мэкъумэш хозяйствэм, промышленнэ кластерым, турист-рекреацэ комплексым яIэ инвестицэ зэфIэкIхэм.

КIуэкIуэ Юрий зэIущIэм кърихьэлIахэм гу лъаригъэтащ республикэр щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэм зэрахуэныкъуэм. Абы къыхигъэщхьэхукIащ республикэм и къэрал властым и органхэм зэфIэкI зыбгъэдэлъ икIи зэманым къигъэувхэм екIуу лэжьэфын щIалэгъуалэм адэкIи зэрадэIэпыкъунур.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Ю. А. студентхэм ехъуэхъуащ гъэмахуэ экзаменхэр тэмэму ятыну икIи жиIащ абыхэм IэщIагъэ нэс зэрызрагъэгъуэтынум икIи республикэм, къэралым зегъэужьыным яхуэфэщэн зэрыхащIыхьынум шэч къызэрытримыхьэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Iуащхьэмахуэ иджыри щыщIымахуэщ

**«Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым лыжэкIэ къыщажыхь и гъуэгухэр щIымахуэ лъэхъэнэм лэжьэн папщIэ нэгъабэ дыгъэгъазэм и кум къызэIуахауэ щытащ. Абыхэм къыщыжыхьыныр щаухынур мы мазэм и кIэрщ.**

ЛЫЖЭКIЭ иджыпсту къыщажыхь метр 3847-рэ зи лъагагъ щIыпIэм щыIэ «Гара-Баши» станцым къыщегъэжьауэ. АбыкIэ сэбэп мэхъу иджыблагъэ къызэIуаха кIапсэ гъуэгущIэр.

«Бгы лыжэкIэ къажыхьын папщIэ къызэрагъэпэща инфраструктурэр сыт щыгъуи хуэдэу тэмэму мэлажьэ. Туристхэм къыщажыхь «Гара-Баши», «Мир» станцхэм я зэхуакум хуэзэ щIыпIэм. Жэщ щIагъуэ дэмыкIыу уэс къосри, ар зэрызэбгратхъу, зэраубэ техникэр зэпымыууэ лэжьэн хуей мэхъу», - жеIэ «Iуащхьэмахуэ» курорт» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Беккаев Хьисэ.

Курортым лыжэкIэ къыщажыхьын папщIэ къакIуэ туристхэм я бжыгъэм иджыри кIэрыхуакъым. 2016 гъэм и япэ мазищым къриубыдэу мыбы цIыху мини 150-м нэблагъэм зыщагъэпсэхуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар процент 65-кIэ нэхъыбэ мэхъу.

*«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр хъумэным теухуа зэхыхьэр Iуащхьэмахуэ лъапэ щызэхуос

Зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр хъумэным теухуа урысейпсо лэжьыгъэм хиубыдэу Урысей Федерацэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр мэкъуауэгъуэм и 21-м республикэм къэсынущ. Ахэр Терскол посёлкэм щыIэ «Вольфрам» хьэщIэщым щрагъэблэгъэнущ.

Ахэр мэкъуауэгъуэм и 22-м пщэдджыжьыр сыхьэти 4-м Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж щызэхуэсынурэ, фэеплъ уэздыгъэхэр щыщIагъэнэнущ.

А махуэ дыдэм сыхьэт 11-м деж къызэIуахынущ хэкIуэдауэ щыта зауэлIхэм ящыщу къагъуэтыжахэр зэрыщIалъхьэм теухуа нэщхъеягъуэ пэкIу. ИужькIэ Терскол посёлкэм дэт курыт еджапIэм и унэм къыщызэIуахынущ зауэлIхэм я хьэпшыпу, Iэмэпсымэу лъыхъуакIуэхэм къагъуэтыжахэм я «Iуащхьэмахуэ» мемориал» выставкэр. А еджапIэм щIэс цIыкIухэм хьэщIэхэм папщIэ «Чегет» зыгъэпсэхупIэм щагъэлъэгъуэнущ «Зауэ. ТекIуэныгъэ. Фэеплъ» зыфIаща концертыр.

Къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа делегацэхэм хэтхэм къыкIэлъыкIуэ махуэм зауэ нэхъ гуащIэ дыдэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэр ирагъэлъэгъунущ, ахэр кIапсэ гъуэгумкIэ «Мир» станцым нэс дашынущ.

● Къэрал гулъытэ

## УФ-м и Президентым орден къыхуигъэфэщащ

**Къудалы Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэм**, «Налшык» хьэлвэ завод» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым, агропромышленнэ комплексым зегъэужьынымкIэ фIыщIэ ин зэрыбгъэдэлъым икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Урысей Федерацэм и Президентым 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа Указ №282-мкIэ Зэныбжьэгъугъэ орденыр къыхуигъэфэщащ.

ХъыбарыщIэхэр ■ Махуэгъэпс
КЪЭБЭРДЕЙ
Малъхъэдис ■ Литературэ

## ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2016 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Iэ тедзэныр зэриухыр. «Адыгэ псалъэм» илъэс ныкъуэм и уасэр сом 839-рэ кIэпIейкIэ 88-рэщ.

Ди индексыр 51531

## Беслъэней Нурмухьэмэд и текIуэныгъэ

● Хъыбар гуапэ

**Чехием хыхьэ Брно къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ Европэм IэпщэрыбанэмкIэ и чемпионат. Абы етIуанэу щытекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, тIэунейрэ дунейпсо чемпион хъуа, Дунейпсо Кубокыр къэзыхьа, Европэмрэ Азиемрэ я чемпион Беслъэней Нурмухьэмэд.**

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 75-м нэблагъэхэм я гупым ди лъэпкъэгъум щригъэкIуэкIа зэIущIэхэм хуэха зэманыр и кIэм нимыгъэсу псоми щытекIуащ. Финал зэпэщIэтыныгъэм дакъикъитIым къриубыдэу абы нокаутым игъэкIуащ Къэзахъстаным икIа и хьэрхуэрэгъу Мокашев Аслъэн.

Беслъэнейр егъасэ Мамхэгъ Iэдэм.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**



● Пщэдей Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэщ

# ФIыщIэрэ щытхъурэ зыхуэфащэхэр

*Илъэс 30-м щIигъуауэ Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэр ди къэралым щагъэлъапIэ мэкъуауэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм. Ар цIыхухэм я узыншагъэр, гъащIэр хъумэнымкIэ IэнатIэм пэрытхэм я махуэшхуэщ. ЩыIэу къыщIэкIынкъым зэгуэр абыхэм я дэIэпыкъуныгъэм хуэмыныкъуа зы цIыхуи.*

*Дэтхэнэ зы IэщIагъэми гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ, ауэ ар медицинэм епхамэ, абы пылъ жэуаплыныгъэр куэдкIэ нэхъ инщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а унэтIыныгъэм и лэжьакIуэхэм цIыхум нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр - и узыншагъэр, и гъащIэр - дзыхь хуащI. Абы къыхэкIыу я Iэзагъэм, щIэныгъэм хагъахъуэ зэпыту екIуэкIын хуейщ, медицинэм щIэуэ къыхыхьэ псори я лэжьыгъэм нэсу къыщагъэсэбэпыфын хуэдэу. Дэтхэнэ зы унэтIыныгъэми хуэдэу, медицинэми зэхъуэкIыныгъэхэр къыхыхьащ, псынщIэу зызыхъуэж зэманым къыздихьащ узыр и чэзум, щыуагъэншэу къэхутэнымкIэ сэбэпышхуэ хъу Iэмэпсымэщ1э куэд. Апхуэдэу щытми, сымаджэм и дежкIэ нэхъыщхьэр дохутырым и гу щабагъырщ, псэ къабзагъырщ, и гущIэгъурщ, и зэхэщIыкIырщ, и псалъэ гуапэхэрщ. Мис ахэр псори зэуIуу хэлъын хуейщ медицинэм и лэжьа-кIуэ нэсым.*

*Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр иджы къэрал политикэм щагъэнэхъапэхэм ящыщщ. Ди республикэр къэтщтэнщи, иужьрей илъэсхэм абы зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ: медицинэ IуэхущIапIэщIэхэр яухуащ, куэдым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, ахэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынми гулъытэ хуащI.*

*Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм, дауи, къегъэлъагъуэ цIыхухэм узыншагъэ быдэ яIэу псэуным хуэунэтIа лэжьыгъэ купщIафIэ егъэкIуэкIыныр къэрал политикэм щагъэнэхъапэхэм зэращыщыр.*

*Медицинэм и лэжьакIуэ псоми я махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу. ЕхъулIэныгъэ, узыншагъэ быдэ яIэу, фIыщIэмрэ щытхъумрэ щымыщIэу, цIыхухэр къахуэарэзыуэ, я лэжьыгъэм и хъер ялъагъуу я IэнатIэ мытыншыр ирахьэкIыну ди гуапэщ.*

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

# Сымаджэхэр къахуэарэзыщ

**Узыншагъэ нэхърэ нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр цIыхум къыщыгурыIуэр абы гуныкъуэгъуэ кърит хъуа нэужьщ. Апхуэдэхэм дежи абы и гугъапIэ псори зрипхыр дохутырхэрщ. Сымаджэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ дохутырыр къызэреIээм къищынэмыщIауэ, абы и дэтхэнэ псалъэми.**

Иджыблагъэ дэ дыщIэлъащ Лэскэн район сымаджэщым и терапие къудамэм. Дэ дызыпэщIэхуа дохутыр Сэхъурокъуэ Иринэ шыIэныгъэшхуэ хэлъу ди узыншагъэм къыкIэлъыплъащ. Абы къыдихьэлIа хущхъуэхэм къадэкIуэу и псалъэ гуапэхэми гукъыдэж къытхалъхьэжащ. ЖыпIэнурамэ, сыткIи арэзы дыкъищIу дызыхуей дэIэпыкъуныгъэр абы и деж щыдгъуэтащ.

Сэхъурокъуэ Иринэ зыпэрыт IэнатIэм хуэфэщэн щIэныгъи Iэзагъи бгъэдэлъщ. Ар дэ наIуэ тщыхъуащ къызэрыдэIэза махуэ зыбжанэм. Зэман кIэщIым къриубыдэу узым узэрыпэщIэтыныр зэхегъэкIри, адэкIэ езым ищIапхъэр псынщIэу еубзыхуф. Сымаджэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр и чэзум игъуэтынымкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. ЦIыхугъэ лъаги дэтлъэгъуащ Иринэ. Дэтхэнэ зыми хуэгумащIэу, и узыншагъэр зэрефIэкIуэжым щыгуфIыкIыу щытщ. «И IэщIагъэм къыхуигъэщIащ» зыхужаIэр абы хуэдэхэращ. ЖыпIэнурамэ, дохутыр нэсым хэлъын хуей хьэл псори дыболъагъу.

Апхуэдэу къыхэдгъэщыну дыхуейт я лэжьыгъэр тэмэму езыхьэкI, сымаджэхэм гуапэу яхущыт медсестрахэу Щхьэгуэш Жаннэ, Гъурф Иннэ, санитаркэу Къардэн Зое сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри цIыху гуапэщ, езыхэм я къалэным къищынэмыщIауэ, сымаджэхэм зыкъызэрыхуагъазэ я лъэIухэри хуащIэ.

Я цIыхугъэр здынэсыр, я зэфIэкIыр зыхуэдэр дгъэунэхуащи, пщIэ яхудощI. Я лэжьыгъэм и хъер ялъагъуу Тхьэм куэдрэ я IэнатIэм пэригъэт!

**ЕЛЕЙ Лизэ** *(Лэскэн ЕтIуанэ)*, **АБАЗЭ Марие** *(Ерокъуэ)*, **КIУАЩ Зое** *(Арщыдан)*, **БЕЗРОКЪУЭ Марие**, **ЩЭНЫБЭ Риммэ**, **ХЬЭМГЪУОКЪУХЭ Зоерэ ХьэIишэтрэ** *(Анзорей)*.

# Гулъытэм сыт и уасэ?!

**Зыпэрыт IэнатIэр гурэ псэкIэ къыхэзыха цIыхурщ лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьэфынур. Апхуэдэхэм я къалэныр жэуаплыныгъэшхуэ яхэлъу ягъэзащIэ икIи я IэнатIэр сытым дежи зэрефIэкIуэным хущIокъу. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэщ Налшык къалэ дэт Кардиоцентрым рентгенохирургие Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ узыр къыщахутэ икIи щагъэхъуж и къудамэм и унафэщI, кардиохирург Борыкъуей Ислъамрэ кардиолог-терапевт Тау Женярэ.**

МЕДИЦИНЭ щIэныгъэхэм я кандидатщ, Iэзагъышхуэ зыхэлъ хирургщ Борыкъуейр. Ислъам операцэ ищIу, гурыфIыгъуэ яIэу гъащIэм хигъэплъэжа сымаджэхэм сащыщщ сэри. И ныбжькIэ щIалэми, и зэфIэкIыр лъагэщ. Абы къищынэмыщIауэ, и гуапагъэмрэ и гулъытэмрэ сыт и уасэ?! ЖыпIэнурамэ, дохутыр нэсым хэлъын хуей хьэл псори мы щIалэм дыболъагъу, абы къыхэкIыуи сымаджэхэм яхэткъым Ислъам хуэмыарэзы. И хьэл-щэн дахэри лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэри псом япэу щыслъагъур и адэ-анэм я дежщи, апхуэдэ щIалэ зыгъэсахэм фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ.

Борыкъуейм операцэ ищIахэм якIэлъоплъ икIи къызэфIегъэувэж кардиолог-терапевт Тау Женя. Абы и нэгур зэлъыIухарэ гуапэу щепсалъэкIэ, сымаджэм гугъэр къыхохьэж. Дохутырыр и Iэзагъэм къыдэкIуэу, цIыху гуапэуи щытын хуейщ, аращ абы и псалъэ къудейри хущхъуэу къыщIалъытэр. Псалъэ гуапэм и мыхьэнэр нэсу къызыгурыIуэ, цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ Женя. Абы и гулъытэр псоми ялъегъэс, сытым дежи зыхуэгъази, уи Iуэхур зыIутым гупсэхуу къедэIуэнурэ хузэфIэкIыр къыпхуищIэнущ. А бзылъхугъэр зи лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, зи IэщIагъэм нэсу хэзыщIыкI дохутыр телъыджэу зэрыщытыр сэ шэч къытезмыхьэу жызоIэ.

Мыбдежым и цIэр къисIуэну сыхуейт медсестра Зухраи (ди жагъуэ зэрыхъунщи, и унэцIэр сщIэжыркъым). ЦIыху щабэщ, гумащIэщ, Iэпэ щабэщи, мастэр къыпхиIуу къапщIэркъым.

Я зэфIэкIым хэхъуэу, я гъащIэр нэхуу, я гъуэгур хуиту, гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ щымыщIэу Тхьэм игъэпсэу!

**БОТЭЩ Соня.**
*Налшык къалэ.*

# Псалъэмакъ лей хэмыту

**Зауэ гущIэгъуншэмрэ гъаблэмрэ къахь гугъуехь псори зи нэгу щIэкIа, ар зыгъэва сабийхэм сащыщщ сэри. Тхьэм и фIыщIэкIэ, а псоми сакъелащ, си ныбжьыр илъэс 84-м иту, жьыщхьэ махуэ сыхъуауэ сопсэу. А зэманым къриубыдэу гугъуехьуи бэлыхьуи слъэгъуа псори сщигъэгъупщэжат иджыблагъэ сызыубыда узым. Си кIуэцIыр зэрыщыту узырт, шхыныр къызэзгъыжыртэкъым. Мазищым къриубыдэу си хьэлъагъым килограммипщIым щIигъу кIэрыхуащ, фэмрэ къупщхьэмрэ сыхуэкIуэри, си лъэр щIэхуащ.**



АПХУЭДЭ щытыкIэ хьэлъэм ситу, си щIалэм къызигъэплъыну къысхуишащ Налшык къалэ дэт сымаджэщ №1-м и гастроэнтерологие къудамэм и дохутыр Къуэжей Раметэ. И ныбжькIэ щIалэми, ар зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, сымаджэм бгъэдыхьэкIэ къыхуэзыгъуэтыф, абы гугъэ езытыжыф дохутыр нэсу къыщIэкIащ. Си ныбжьым сыщыукIытэу, сымаджэщым сахуэмыкIуэну сыхэта щхьэкIэ, абы къызгуригъэIуащ нэгъуэщIу сэбэп къызэрысхуэмыхъуфынур.

Сыздаша сымаджэщым и щытыкIэм и гугъу сымыщIын схузэфIэкIынукъым мыбдежым. Европэ къэралхэм я сымаджэщ гуэрым сыщIэхуа фIэкIа си гугъакъым: дэнэкIи къабзэлъабзэщ, хабзэ пыухыкIахэм тету псоми я къалэныр ягъэзащIэ. Я лэжьакIуэхэм я нэгур зэлъыIухауэ, гуапэу сымаджэхэм епсалъэу, ахэр зыхуейхэр псалъэмакъ лей хэмыту хуащIэ.

Къуэжейм псынщIэ дыдэу къихутащ си узыр къызыхэкIар. МахуипщIкIэ хущхъуэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ къызахьэлIэри, абыхэм си узыншагъэм зыкъыдигъэзэжащ.

Раметэ и гуапагъэр, и гулъытэр, ар сымаджэм зэрелIалIэр, и щIэныгъэ куур псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ. ФIэщщIыгъуейщ абы къыхуэмыарэзы ар зэIэза сымаджэхэм яхэту. Алыхьырщ, къыкIэлъыкIуэу а бзылъхугъэрщ гъащIэм гурыфIыгъуэ сиIэу сыхэзыгъэплъэжар. Абы лъандэрэ мазибгъу хъуащи, си Iуэху Iыхьэ сщIэфу, шхын хэплъыхь сымыщIу сопсэу, си хьэлъагъми килограммих хэзгъэхъуэжащ.

Мы фIыщIэр куэд щIат стхын зэрыхуейрэ, ауэ и гугъу сщIымэ, узым къытригъэзэжынкIэ сышынэурэ есхьэкIащ. Сымытха щхьэкIэ зы махуэ дэкIакъым Раметэ фIыкIэ сигу къэзмыгъэкIыжу, сыпсэухукIи гуапэу ар си гум илъынущ.

Си щхьэм, си Iыхьлыхэм къабгъэдэкIыу Къуэжей Раметэ сохъуэхъу езыр зи хъумакIуэ узыншагъэм щымыщIэну, унагъуэ насып иIэну, цIыхухэм сэбэп яхуэхъурэ и лэжьыгъэм и хъер илъагъуу псэуну!

**КЪАРЕЙ Розэ.**
*Налшык къалэ*

# Гугъуехьхэм къапикIуэтыркъым

**«Зыпэрыт IэщIагъэм къыхуигъэщIащ» зыхужаIэхэм ящыщщ Лэскэн район сымаджэщым неврологыу щыIэ ПщыхьэщIэ Мухьэмэд. Лэжьэн зэрыщIидзэрэ куэд мыщIами, абы зыкъигъэлъэгъуащ зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI дохутыр нэсу. Мухьэмэд зэфIэкI хъарзынэхэр лэжьыгъэм къызэрыщигъэлъагъуэм щыхьэт тохъуэ абы игъэхъужа сымаджэхэм я фIыщIэ, щытхъу псалъэхэр.**



ПЩЫХЬЭЩIЭ Мухьэмэд и адэ Ахьмэди дохутыр-невролог т. Абы къыхэкIыу щIалэм медицинэр и гъащIэм щыщ Iыхьэу къэхъуащ.

- Сызыхуеджэну IэщIагъэр къыщыхэсхыну зэманыр къыщысам, куэдрэ сегупсысакъым, - жеIэ ПщыхьэщIэм. - СызэрыцIыкIурэ медицинэм сыдихьэхат, сыхуейт цIыхухэм садэIэпыкъуну, сымаджэм и узыр щхьэщысхыфу сыхъуну. Нэхъ балигъ сыхъуху кIэ щхьэ куцIым и зэхэлъыкIэр, абы и лэжьэкIэр сфIэгъэщIэгъуэн хъурти, «неврологие» унэтIыныгъэр къыхэсхащ.

Мухьэмэд зэрыжиIэмкIэ, дохутырым и лэжьыгъэм нэхъ гугъу дыдэу хэлъыр цIыхум и гъащIэр адэкIэ зэрыхъунур зэлъыта унафэ къэпщтэн хуейуэ къыщыпхуихуэрщ. Абы шэч къытрихьэркъым, IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и мызакъуэу, илъэс куэдкIэ лэжьыгъэм пэрыта дохутырым дежкIи ар Iуэху тыншу зэрыщымытым. Апхуэдэу щытми, щIалэр гугъуехьхэм ящышынэркъым.

- Сытым дежи си адэр щапхъэу сиIэти, сэ сщIэрт къыхэсха IэщIагъэм узыщрихьэлIэнкIэ хъуну гугъуехьхэр зыхуэдэр, - жеIэ ПщыхьэщIэм. - Сэ фIы дыдэу къызгуроIуэ IэщIагъэм уехъулIэн папщIэ сыт щыгъуи уи Iэзагъэм, щIэныгъэм хэбгъэхъуэн зэрыхуейр, а псом къищынэмыщIауи, дохутырыр гущIэгъу, шыIэныгъэ хэлъу, гуапэу щытыпхъэщ.

Мухьэмэд къиухащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр, интернатурэм «неврологие», ординатурэм «псантхуэ узыфэхэр» унэтIыныгъэхэмкIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. Ар илъэсиплIкIэ медбрату, илъэситIкIэ дохутыр-неврологыу щылэжьащ Аруан район сымаджэщым и неврологие къудамэм. 2014 гъэ лъандэрэ Лэскэн район сымаджэщым щыIэщ.

- Иужьрей зэманым сымаджэхэр нэхъыбэ хъуащ, - жеIэ Мухьэмэд. - Абы къыхэкIыуи, лэжьыгъэр, шэч хэмылъу, къыптохьэлъэ. Ауэ гугъуехьыр пщегъэгъупщэ узэIээм сэбэп узэрыхуэхъуфар щыплъагъукIэ. Дохутырым и лэжьыгъэр къызэралъытэ пщалъэ нэхъыщхьэр сымаджэм иритыж гукъыдэжымрэ и псалъэ гуапэхэмрэщ. Узыр и чэзум къэпхутэмэ, ар куэдкIэ нэхъ гъэхъужыгъуафIэщ, абы къыхэкIыу цIыхухэм я узыншагъэр щIэхщIэхыурэ къапщытэну къыхузоджэ.

**КЪУМАХУЭ ФатIимэ.**

СРЫКЪУЭ Аминэ:

# Ди лэжьыгъэр тэмэму етхьэкIынымкIэ зэран къытхуэхъу щыIэкъым



**Срыкъуэхэ Хьэмыщэрэ Эммэрэ япхъу пажэ Аминэ зэрысабийрэ дохутыр IэщIагъэм дихьэхырт. Сабийхэр щызэдэджэгукIэ пщащэ цIыкIур абыхэм сытым дежи дохутырут зэрахэтыр. Абы къыхэкIыуи, курыт школыр къиухыу а IэщIагъэм хуеджэну щыжиIэм, ар псори зыпэплъагъэххэт.**

НАЛШЫК къалэ дэт курыт школ №23-р фIы дыдэу къиухри, Аминэ гугъу демыхьу щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым. 2004 гъэм хирургие унэтIыныгъэмкIэ интернатурэр Республикэ онкологие диспансерым, 2005 - 2007 гъэхэм ординатурэр Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м щрихьэкIащ. Зэреджэм хуэдэурэ, а илъэсхэм Срыкъуэр къалэм дэт «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» станцым щылэжьащ.

Зригъэгъуэт IэщIагъэмкIэ нэхъыбэ къызэрищIэным хущIэкъу пщащэр 2007 гъэм щIэтIысхьащ Склифосовскэм и цIэр зезыхьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и аспирантурэм икIи 2012 гъэм и лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIри, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. Аспирантурэм щыщIэса илъэсхэм Аминэ и IэщIагъэм и щэхухэм нэхъ гъунэгъуу зыхигъэгъуэзащ - ар а институтым хирургыу щылэжьащ.

ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ хъыджэбзыр сытым дежи и зэфIэкIым зэрыхигъэхъуэным хущIокъу. Апхуэдэу Москва Боткиным и цIэр зезыхьэ къалэ клиникэ сымаджэщым эндоскопиемкIэ и кафедрэм и Iэзагъэм щыхигъахъуэри, эндоскопие хирургием зэрыхищIыкIым и сертификат кърагыжащ. Абы иужькIэ Бурназян и цIэр зезыхьэ федеральнэ медицинэ биофизикэ центрым курсхэр къыщиухыжри, УЗИ Iэмэпсымэм ирилэжьэну хуит зыщI тхылъ зыIэригъэхьащ.

Хэкупсэ щIалэгъуалэм ящыщщ Срыкъуэ Аминэ. Ди къэралым и къалащхьэм и клиникэ нэхъыфIхэм щылэжьэну Iэмал иIами, къыщыхъуа щIыналъэм сэбэп щыхъужмэ нэхъ къищтащ. 2014 гъэ лъандэрэ ар Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и хирургие къудамэм и унафэщI IэнатIэм пэрытщ.

- Медицинэм ехъулIэныгъэ щызэбгъэгъуэтыныр тыншкъым, - и гупсысэхэмкIэ къыддогуашэ Аминэ. - Абы щхьэкIэ уемызэшу сытым дежи уи щIэныгъэм зэрыхэбгъэхъуэным, IэщIагъэм и щэху псори къызэрыпщIэным ухущIэкъун хуейщ. Лэжьыгъэ и пIалъэ къэпщIэнымкIэ, Iуэхум ухэзэгъэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ IэщIагъэлI нэхъыжьхэм къыпхуащI гулъытэми. Абы и лъэныкъуэкIэ си насып къикIауэ къызолъытэ. ЕджапIэм и 3 - 4-нэ курсхэм сыщIэсу Республикэ онкологие диспансерым Джэрыджэ Розэ и нэIэм сыщIэту лэжьэн щыщIэздзащ. IэщIагъэм и щэху куэд къызигъэщIащ Розэ икIи гуапэу ар сигу къызогъэкIыж. ИкъукIэ щхьэпэ къысхуэхъуащ, нобэхэми и чэнджэщхэм седаIуэу сыкъокIуэкI егъэджакIуэ гъуэзэджэ, дохутыр Iэзэ Кучменов Мустэфа. Апхуэдэу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт иджыпсту сызыпэрыт IэнатIэм сезыгъэблэгъа, ди сымаджэщым и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр Джэрыджэ Анатолэ. Абы и фIыгъэкIэ щIалэгъуалэ акъылыфIэ куэдым лэжьапIэ и лъэныкъуэкIэ гъуэгу ягъуэтащ, я щIэныгъэм нэхъри хагъэхъуэну Iэмал хъарзынэхэр къахулъыкъуэкIащ.

И ныбжькIэ щIалэми, Срыкъуэр унафэщI IэкIуэлъакIуэщ. IэнатIэм зэрыпэрыувэрэ зэманышхуэ дэмыкIами, и нэIэ щIэт къудамэм и лэжьыгъэр иригъэфIэкIуащ.

- Ди къалэн нэхъыщхьэр сымаджэр гъэхъужынырщ, - жеIэ Аминэ. - Гукъыдэж зэптыжам и фIыщIэ псалъэхэрщ дохутырым и лэжьыгъэм къыпэкIуэ нэхъ пщIэ лъагэр. Сэ сызэреплъымкIэ, сымаджэр арэзы зымыщIыф дохутырым и IэщIагъэр щыуауэ къыхихащ. Ди лэжьыгъэр тэмэму етхьэкIынымкIэ зыри зэран къытхуэхъуркъым. Дызыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ хъарзынэу дыкъызэгъэпэщащ. Нэхъапэхэм сымаджэхэм уIэгъэпхым и деж щыщIэдзауэ хущхъуэм и деж щиухыжу псори езыхэм къащэхужу щытамэ, иджы апхуэдэ щыIэжкъым. Сымаджэщым и унафэщIхэм яхузэфIэкIащ а Iуэхури тэмэму зэтраублэн. Нобэ сымаджэхэр зыхуеину хущхъуэхэр ди деж пщIэншэу щагъуэт икIи и чэзум яIэрохьэ. Пэжщ, сыт хуэдизу IэмэпсымэхэмкIэ укъызэмыгъэпэщами, зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр уимыIэмэ, зыри и мыхьэнэкъым. Къапщтэмэ, ди лэжьакIуэхэм зыпэрыт Iуэхум зэфIэкI хъарзынэхэр къыщагъэлъагъуэ, ахэр псори зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу, абыкIэ яхь жэуаплыныгъэр нэсу зыхэзыщIэхэщ.

Срыкъуэм и зэфIэкIхэм ящыщщ инджылызыбзэмрэ итальяныбзэмрэ шэрыуэу зэрищIэр. Апхуэдэуи хъыджэбзыр дахьэх спортым, театрым, къафэм, дизайнер Iуэхум, дунеяплъэ къэкIухьыным.

- Спортым сысабийуэ ситхьэкъуащ, - жеIэ Срыкъуэм. - Спортымрэ къафэмрэ цIыхум и хьэлщэныр зэпIэзэрыт ящI, Iэпкълъэпкъри япсыхь. ЩIэ гуэр къэсщIэну сытым дежи сызэрыхущIэкъурагъэнщ дунейр зэзгъэлъагъуну щIысфIэфIыр. ГъэщIэгъуэнкъэ-тIэ нэгъуэщI къэралхэм, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр зэбгъэщIэну?! Сэ сыщыIащ Италием, Франджым, Таиландым, Тыркум, Ватиканым, нэгъуэщI щIыпIэхэми. Къэралхэм сыкIуэ къудейм и мызакъуэу, абыхэм я тхыдэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм нэIуасэ захузощI. Апхуэдэуи хьэпшып зэхуэмыдэхэр гъэщIэрэщIэнми сыдахьэх. Сумкэхэр, бэлътокухэр, нэгъуэщI хьэпшып цIыкIуфэкIухэр хэдыкIыныр сфIэфI дыдэщ. Ахэр си гуапэу си ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм тыгъэ яхузощI.

Лэжьыгъэм сыт хуэдизу иримыгъэзэшми, пщыхьэщхьэм унэм екIуэлIэжрэ и адэ-анэм, и шыпхъу цIыкIухэу Анарэрэ Алинэрэ яIуплъа иужь, псори зэуэ щхьэщоуж.

- Си унагъуэр псом нэхърэ нэхъапэщ. Гупсэхугъуэ щызгъуэтыжри къару къысхэзылъхьэри аращ, - жеIэ Аминэ.

Срыкъуэм гъащIэм мурад дахэхэр щиIэщи, Тхьэм къыхуэзэпищэ, и IэщIагъэм гу щихуэу илъэс куэдкIэ лэжьэну ди гуапэщ.

**ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.**

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 18,** *щэбэт*

♦**Азербайджаным щагъэлъапIэ цIыхум и хуитыныгъэхэм я махуэр**
♦**Молдовэм и тхыдэджхэм я махуэщ**
♦**1761 гъэм** Урысей империем унафэ къыщащтащ къэралым къулыкъу хуэзыщIахэм пенсэ яхуэгъэувыным теухуауэ.
♦**1815 гъэм** Инджылызымрэ Пруссиемрэ я дзэхэм Бонапарт Наполеон и армэр Ватерлоо къалэ цIыкIум деж щызэтракъутащ.
♦**1889 гъэм** США-м щыщ Ричардсон Уильям къигупсысащ сабийхэр къызэрырашэкI гуцIыкIу.
♦**1936 гъэм** дунейм ехыжащ совет тхакIуэ, драматург, жылагъуэ лэжьакIуэ Горький Максим.
♦**1946 гъэм** Италиер Республикэ хъуащ.
♦**1955 гъэм** «Юность» журналым и япэ номерыр къыдэкIащ.
♦**1956 гъэм** Налшык музыкэ училищэ къыщызэIуахащ.
♦**1960 гъэм** дунейм къытехьащ тхьэмахуэм зэ къыдэкI «За рубежом» журналым и япэ къыдэкIыгъуэр.
♦**1974 гъэм** дунейм ехыжащ дзэзешэ цIэрыIуэ, къэрал лэжьакIуэ, Совет Союзым и Маршал Жуков Георгий.
♦Урысей актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, къэрал академическэ Театр ЦIыкIум 1988 гъэ лъандэрэ и художественнэ унафэщI **Соломин Юрий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦СурэтыщI-живописец **Индрис Залымхъан** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Инджылызым щыщ музыкант, уэрэджыIакIуэ, композитор, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуауэ щыта «Битлз» гуп цIэрыIуэр къызэзыгъэпэщахэм яхэта **Маккартни Пол** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦**1949 гъэм** къалъхуащ **Качиньский** зэкъуэш зэтIолъхуэныкъуэхэу Лехрэ (Польшэм и президенту щытащ, 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м Смоленск пэмыжыжьэу кхъухьлъатэ къыщыщехуэхам хэкIуэдахэм ящыщщ) **Ярославрэ** (Польшэм и премьер-министру щытащ).
♦Удмуртием и Iэтащхьэ **Соловьев Александр** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Ало Владимир** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
♦Эстрадэм и артист, уэрэджыIакIуэ, нэтынхэр езыгъэкIуэкI **Галкин Максим** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 19,** *тхьэмахуэ*

♦**УФ-м щагъэлъапIэ Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэр**
♦**США-м щагъэлъапIэ пщылIхэр хуит щыхъужа махуэр**. 1862 гъэм США-м и президент Линкольн Авраам Iэ тридзащ я къэралым пщылIыгъэр щымыгъэIэжыным теухуа законым.
♦**Журт автономнэ областым щагъэлъапIэ я гербымрэ ныпымрэ я махуэр**
♦**1920 гъэм** РСФСР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным теухуа урысейпсо комиссэ къызэригъэпэщащ.
♦**1991 гъэм** советыдзэхэр Венгрием къишыжын яухащ.
♦Совет тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Ленинным и цIэр зезыхьэ саугъэтым, СССР-м, Белоруссием я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Быков Василь** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Селезнёвэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Совет хоккеист цIэрыIуэ, къэралым и гуп къыхэхам и гъуащхьэтету щыта, Олимп джэгухэм дыщэ, дыжьын медалхэр къыщызыхьа, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Мышкин Владимир** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.
♦Хоккеист цIэрыIуэ, Совет Союзым и гуп къыхэхам хэту Олимп джэгухэм тIэунейрэ щытекIуа, зэ дыжьын медаль къыщызыхьа, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Макаров Сергей** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зрата **БищIо Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.
♦Норвегием щыщ спортсмен **Дэли Эрленд Бьорн** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу. ЛыжэкIэ къызэдэжэн спорт лIэужьыгъуэм абы щиIэ ехъулIэныгъэхэм хуэдэ къихьын зыхузэфIэкIа зэкIэ дунейм щыIэкъым. Ар Олимп Джэгухэм 8 щытекIуащ, дунейм бгъуэнейрэ и чемпион хъуащ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 20,** *блыщхьэ*

♦**Зи псэупIэр Iэмалыншагъэкlэ зыхъуэжын хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Зоопаркхэм щаIыгъ пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Узбекистаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1990 гъэм къащтащ я къэрал суверенитетым теухуа декларацэр.
♦**Аргентинэм и лъэпкъ ныпым и махуэщ**
♦**1933 гъэм** СССР-м и прокуратурэ нэхъыщхьэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1957 гъэм** Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залышхуэм къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмрэ литературэмкIэ и гъэлъэгъуэныгъэр.
♦**1991 гъэм** Германием и парламентымрэ правительствэм хэтхэмрэ унафэ къащтащ къэралым и къалащхьэр Бонн ирахыу Берлин яхьыным теухуауэ.
♦Шэрджэс тхакIуэ **Кхъуэхъу Цуцэ** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.
♦Совет усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Рождественский Роберт** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, МКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Дроздов Николай** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Уи жьэ зэсэмэ, уи нэмыс мэкъутэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм и унафэщIым и къуэдзэ - къудамэм и унафэщI **Вэрокъуэ Руслан Валерий и къуэм** хуогузавэ **Ажбекиров Мырзэбэч Умар и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэр, «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым я лэжьакIуэхэр КъБР-м и газет-журнал тедзапIэм и Iуэхузехьэу щыта, Истамбыл Адыгэ Хасэм жыджэру щылэжьа **Бланэмыхь Фахьми Мухьэдин и къуэм** хуогузавэ и щхьэгъусэ **Атэлыкъ Галинэ ТIытIу и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Зэрыпсэуум хуэдэу мэусэ, зэрыусэм хуэдэу мэпсэу

60



**Мыкъуэжь Анатолэ.** *1976 гъэ*

Къэбэрдей литературэм къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, IупщIу къыхощхьэхукI абы нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьа лъэхъэнэр - ХХ лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм къыщыщIэдзауэ 60 гъэхэм я кIэуххэм нэс. А илъэсхэм ди литературэм къыщызэщIэрыуащ абы адэкIэ зэрызиужьыну унэтIыныгъэхэр куэдкIэ зыубзыхуа усакIуэ, тхакIуэ гупышхуэ, Тхьэгъэзит Зубер деж къыщегъэжьарэ Ацкъан Руслан деж щиухыжу. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэмрэ зрикIуа лъагъуэхэмрэ гъуазэ яхуэхъуащ къыкIэлъыкIуэ совет нэужь лъэхъэнэм - 90 гъэхэм къыщыщIэдзауэ - литературэм къыхыхьа ныбжьыщIэхэм: Къанкъул Заур, Къаныкъуэ Заринэ, ПщыукI Латмир, Аброкъуэ Беллэ, Бэлагъы Любэ, МахуэлI Нарзан, нэгъуэщIхэми. Къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнитIым лъэныкъуэ зырызкIэ япэщхьэхуэу, ауэ зэпыщIапIэ яхуэхъуу я зэхуаку дэуващ 70 гъэхэм я кIэуххэм къэбэрдей литературэм лъэбакъуэщIэ къыхэзыча Мыкъуэжь Анатолэ и творчествэр. Къалэнышхуэ, къалэн гугъу и пщэ къызэрыдэхуэр езыми зыхищIэу, и усэхэм ящыщ зым абы мыпхуэдэу щетх:

**Сэ зэманыжьым срикIэухщ,**
**Сэ зэманыщIэм срищIэдзапIэщ.**
**Сэ лIэщIыгъуитIым сралъэмыжщ,**
**Сэращ къэкIуэнум и**
**кхъухь тедзапIэр.**
*(«Сэ зэманыжьым срикIэухщ...»)*

Мыкъуэжьым и усыгъэм адыгэ литературэм увыпIэ хэха щеубыд. Абы и IэдакъэщIэкIхэм езыр зыхэпсэукI зэманым и нэпкъыжьэр IупщIу къатощ, и лъэхъэнэгъухэм я гурыгъу-гурыщIэхэр художественнэ Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуэжащ. Анатолэ и усыгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу къыхэбгъэщхьэхукI хъунущ гурыщIэ куурэ гупсысэ жанрэ зэрыщызэщIэлъыр.

Зэ еплъыгъуэкIэ Мыкъуэжьым и усыгъэр лирикэ щабэ зэфэзэщу къыпфIэщIынуми, усэхэм я купщIэр жылагъуэ, политикэ Iуэхухэм щытегъэпсыхьари мащIэкъым. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 - 90 гъэхэм ди къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр образ щIэщыгъуэкIэ къыщыгъэлъэгъуащ «Ди кхъухьыр» усэм. А лъэхъэнэм къэрал унафэр зыIэщIэлъахэм цIыхубэр зыхуаша насыпыншагъэхэмрэ СССР-кIэ зэджэ къэралышхуэр зэрыкъутэжамрэ усакIуэм къигъэлъэгъуащ езым и закъуэу дэсея кхъухьым и образымкIэ. ГъащIэм и толъкъунхэм зэтрагъэщэха а кхъухьыр псыхьэлъахуэу нэпкъым къытридзэжащ. Абы игъэпIейтея усакIуэм и пащхьэ къиуващ упщIэ куэд:

**Дапщэщ ди дыгъэр пшэхэм**
**къыкъуэкIыжу**
**А псыхьэлъахуэр**
**щигъэгъущыжынур?**
**А псыхьэлъахуэм кхъухь**
**къыхэтщIыкIыжу,**
**Тенджызым тетхэм**
**дащыщIыхьэжынур?**
*(«Ди кхъухьыр»)*

90 гъэхэм я пэщIэдзэхэм Совет Союзыр зэрыкъутэжам къыдэкIуащ цIыхубэм я псэукIэр куэдкIэ екIэкIуэныр, лэжьапIэ IэнатIэхэр яфIэкIуэдыныр, зи унагъуэ зыхуэмыпIыж цIыхухъухэр фадафэу уэрамым къыдэнэныр. А псом пэщIэтыфар «тахътэм ису, зи Iэнэхэр зэтету зи дунейр жэнэтхэмрэ» зи напэр мылъкукIэ зыщэжахэмрэщ. А Iуэхугъуэ гугъусыгъухэр Мыкъуэжьым и усэхэм уигъэпIейтейуэ къыщигъэлъэгъуэжащ.

Фадафэм и образыр гуемыIуу, гурымыхьу гъащIэм къыдокIуэкI, литературэми, хабзэ зэрыщыхъуауэ, ар персонаж мыхъумыщIэу къыхощ. И дуней тетыкIэрэ и IуэхущIафэкIэ мыгурыхь цIыхум и гущIэм щыхъэхэр зыми къыфIэIуэху хабзэкъым, дэхуэхам зыщIэзыгъэкъуэфхэри мащIэ дыдэщ. Ауэ усакIуэм и псэ пIащIэм гъащIэм и дурэшплIэрэш псори къетIэщIыф, цIыху зэхуэмыдэхэм я гущIэлъапсэм йоплъэф. «Фадафэ» зыфIища усэм Мыкъуэжьым къыщегъэлъагъуэ апхуэдэр нэрыгъ зыхуэхъуа цIыхум и гум щыщIэхэр. Ар зэгуэрым «IэщIагъэлIу», «лэжьакIуэшхуэу», «и щапхъэм щIэблэр щIапIыкIыу», «и лъэпкъи лъахи иригушхуэу», «щыхуэзфIэкI-щихьэмтетыгъуэм ныбжьэгъу куэдыкIей иIэу», «гуп псо и уасэу къекIуэкIат». АрщхьэкIэ:

**ЗэхъуэкIыныгъэм и псы уэрыр**
**Пэмыплъэххауэ къыщIэуащ.**
**ИгъэлъэпIари щIэпсэуари**
**IэщIихри - щIигъэмбрыуащ.**

**Зэпхъуэну шхийр къыхуэмыгъуэту**
**Бэлыхьу мащIэ ишэчар?!**
**И бампIэр фадэм ныхуиIуатэу**
**Къыдэнэжакъэ – зэфIэкIащ.**
*(«Фадафэ»)*

АдэкIэ усэм къеIуатэ фадафэм гъуэгу пхэнжкIэ дидзыхын хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэхэр - «хуеякъым хъуну хьэкIэпыч», «хьэрычэтыщIи хъуфакъым», «зи гупкIэ исым и уэрэдым дежьууфакъым», «зыхуегъэкIуакъым зэманыщIэу зи напэр сомкIэ зыщэжам», «гъэпцIагъэм зыхуегъэсакъым». Ауэ, нэхъыщхьэращи, ар «мыбзаджащIэ», «мыдыгъуакIуэ», «мыIужажэ», «мыахьмакъ», и зэран зыми емыкIыу шхапIэм хуэзышэ лъагъуэ закъуэм тетщ. Пэжымрэ захуагъэмрэ и телъхьэ усакIуэр блэплъыкIыфыркъым апхуэдэ мыхъумыщIагъэм икIи къэралыр зыхуэкIуа псэукIэр зи Iуэжьхэм нехьэкIхьэхыкI хэмылъу мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ захуегъэзэ: «... Фэ, къэрал жыпыр зыунэщIахэ, / Фыхуиткъым фщIыну ар ауан. / Фэращ цIыхубэр гугъапIэншэу / Уэрамым дэзыутIыпщхьэжар. / Фэращ къэралыр зыгъэплъакъуэу / ЩыхупIэ нэзым Iузышар». Мыкъуэжьым и усэм дызыщрихьэлIэ фадафэр - къызэщIэзыкъуэ образщ, езы усакIуэми къызэрыхигъэщщи, «апхуэдэ дэсщ ди къалэ къэскIэ, ди къуажэ къэскIи къыдэпшынщ». Нэхъ шынагъуэжращи, апхуэдэ щIэпхъаджагъэмкIэ жэуаптакIуэу зы цIыхуи къэувыфакъым, икIэм-икIэжым, абы къриIуаращи: «Нэмысу игъуэ псэ хей минхэр, / Кlакхъу щIамычауэ, яукIащ».

УсакIуэ нэсым и IэдакъэщIэкIхэм езыр зыхэпсэукI лъэхъэнэм и сурэт наIуэ къыхэщ хабзэщ, ар абы бгъэдэлъ зэчийм и зы нэщэнэу, и фIагъыу къоув. Мыкъуэжьыми хузэфIэкIащ езым и лъэхъэнэм - «щысхьыншэу хейхэр хэзыутэ», «нэжэсхэм я IупэфIэгъу», «цIыху уасэр мылъкукIэ къэзылъытэ», «лыд псори дыщэу зылъагъу» зэманым - и сурэтыр и усэ сатырхэм «щигъэжын», абы щыгъуэми, и псэр къабзэу ихъумэу, «фIыр и плъапIэу къэнэжын».

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа усэхэм къыщыIэта Iуэхугъуэхэр нэхъ кууужу, зы къэралымрэ цIыху щхьэхуэмрэ я щыIэкIэ-псэукIэм емыхьэлIауэ, атIэ гъащIэм и философиеу къыщыгъэлъэгъуащ «Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...», «Дунеижь», «ГъащIэ-мафIэгужь», «ГъащIэ-хышхуэ, хэт хьэфэ гъэпщакIэ...», «Къысхубохь гуфIэгъуи...», «АкъылкIэ сэ...», «ГъащIэм», «Ди зэманыр зэрыакъылыфIэ...», «Дунеижьым дыщэм зыхуегъэщхъ...» усэхэм, нэгъуэщIхэми.

«Дунеижь» зыфIища усэм къыхощ Мыкъуэжьым гъащIэм хилъагъуэ мыхъумыщIагъэхэр. Абы псэкIэ къищтэркъым «е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэс», «цIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэт», «акъылыфIагъэр зыфIэделагъэ», «нэмыукIытагъэр зи жьэгу щыпэкIу», «бохъшэ домбейхэм къадеуджэкI», «шатащхьэ IувкIэ щыкIар зыгъашхэ», «здэармырамкIэ еджэрэзэкIыурэ гурыгъ мелуанхэр изыгъэжа» дунеижьыр. Абы къыхэкIкIи, нэгъуэщI усэм - «Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...» жыхуиIэм - и кIэухым деж усакIуэм езы дунейр зи IэмыщIэ илъым лъэIукIэ зыхуегъазэ:

**Ди щхьэщыгум дыгъэр**
**къизыIыгъэу,**
**Зи IэмыркIэ щIыр къекIэрэхъуэкI,**
**Пэлъэщауэ е-бзаджейм цIыхугъэр**
**ЩIы хъурейр зэгуэрым нэху**
**къегъэкI.**
*(«Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...»)*

Мыкъуэжьыр «усакIуэ нэщхъей» цIэр зытеIукIахэм ящыщщ. Ауэ абы къикIыркъым Анатолэ и усыгъэр тхьэусыхафэ е гъыбзэ зэфэзэщу зэхэлъу. Абы къикIыращи, усакIуэр кууэ, набдзэгубдзаплъэу гъащIэм хоплъэф, абы и хужьыр хужьу, и фIыцIэр фIыцIэу - зэрыщыт дыдэм хуэдэу ельагъу. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, нэгъуджэ щхъуэкIэплъыкIэкIэ дунейм хэплъэну хуейхэм Мыкъуэжьым и усыгъэр къагурымыIуэнри хэлъщ, ауэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, абы гъуджэу къытощ пэжыгъэр, захуагъэр, усакIуэм и гущIэлъапсэм щызэпцIа сатырхэм къапкърыкI гумащIагъэр, псэ къабзагъэр, хьэлэлыгъэр - дунейр мыкъутэжу зэтезыIыгъэ хъугъуэфIыгъуэхэр. «УсакIуэ нэщхъейхэм» зэрыхалъытэм ехьэлIауи Мыкъуэжьым етх:

**«ЩIым темытыжми гуфIэгъуэ**
**Ярейуэ, щхьэ унэщхъей?» -**
**Къеджа иужькIэ си тхыгъэм,**
**Ныбжьэгъухэм къызжаIэрейщ.**
**<...>**
**ГуфIэгъуэщ, сэ фIыуэ сощIэ,**
**КъыщIигъэщIар мы дунейр...**
**СыгуфIэщэну сыхуейщи,**
**Аращ сэ сыщIэнэщхъейр.**
*(«ЩIым темытыжми гуфIэгъуэ...»)*

ГуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ, зауэмрэ мамырыгъэмрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжхэм Мыкъуэжьым и усыгъэм щIыпIэ щхьэхуэ щаубыд. Зауэм и бийуэ и усэ сатырхэр игъэпскIэрэ Мыкъуэжь Анатолэ и IэдакъэщIэкIхэм мамырыгъэр щегъэлъапIэ, абыкIэ цIыхугухэр гуапагъэм, къабзагъэм, къуэшыгъэм, зэныбжьэгъугъэм къыхуегъэуш. Псалъэм папщIэ, «Макъхэр» усэм къыхощ щIым макъ зэмыщхь бжыгъэншэхэр зэрыщыIур: бзухэм я уэрэдыр, псым и даущыр, хьэгъуэлIыгъуэ Iэгуауэр, уафэгъуагъуэр, къыр дзакIэ къыгуэхум и макъыр... Абыхэм языхэзми и IукIэкIэ, щIэIу щхьэусыгъуэкIэ, зыгъэIукIэ лъапIагъэ пыухыкIа ябгъэдэлъщ. Ауэ, усакIуэм пэжу гу зэрылъитащи, абыхэм яхэзэгъэнкIэ Iэмал иIэкъым шэ, лагъым къэуэж макъхэр. Усэм и кIэух сатырхэм абы щетх:

**... Ауэ ирехъу щIыр**
**Гуауэм къыдэмыскIэу -**
**Мы щIылъэм**
**Шэ фий макъ къыщремыIу.**
*(«Макъхэр»)*

И купщIэкIэ, и зэхэлъыкIэкIэ, къыщыIэта гупсысэкIэ «Макъхэр» усэм поджэж Мыкъуэжьым «Дунеишхуэ...» зыфIища усэри. Зауэм зи псэр щыщтэ усакIуэм мамырыгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу къегъэлъагъуэ дунейр щыму, даущыншэу щытыныр. Аращ абы щIитхыр:

**Дунеишхуэ,**
**УмыIэуэлъауэ.**
**Дунеишхуэ,**
**СынолъэIу, зыущэху.**
**Топ зыщIыпIи**
**Зэрыщамыгъауэр**
**Хьэкъ къысщыщIи,**
**Мы си гур гъэпсэху.**
*(«Дунеишхуэ...»)*

Мыбдеж усакIуэр зауэм и макъ шынагъуэм и бийуэ увмэ, «Iугъуэ» усэм деж абы зауэм и Iугъуаем зыпыIуедз. Усэм и япэ едзыгъуитIым къыхощ зы бынунагъуэм я гъащIэ мамырыр, лэжьыгъэ хьэлэлыр, дунейм и дахагъыр, цIыхугухэм я къабзагъыр... Бынхэм нэжэгужэу хадэр ягъэкъабзэ, анэри, «и нэгу къищу нэщхъыфIагъэ», абыхэм яхуопщафIэ. Дунейр мамырщи, «хьэку уэнжакъым къриху Iугъуэри» мамырыгъэм и нэщэнэу, «уафэ къащхъуэри гуфIэу» усэм къыщыгъэлъэгъуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зи гугъу тщIы усэм Мыкъуэжьым щызэпэщIегъэувэ мамырыгъэм и Iугъуэмрэ зауэ Iугъуаемрэ я образхэр, абы и кIэух едзыгъуэми щетх:

**ЩIимыгъанэм зауэ Iугъуэм,**
**Хуиту щIылъэм къыIуплъэфмэ,**
**Уафэр хуейкъым нэгъуэщI фIыгъуэ.**
**Уафэ къащхъуэр ирегуфIэ!**
*(«Iугъуэ»)*

Мыкъуэжьым къызэрилъытэмкIэ, уафэмрэ щIылъэмрэ къабзэу, зыри я зэхуаку къыдэмыхьэу, зэIуплъэфу щытыпхъэщ. А гупсысэхэр и лъабжьэу, усакIуэм зауэм хуиIэ лъагъумыхъуныгъэр «Сыхьэт закъуи и IитIыр мыпсэхуу...» усэм щыщIохуабжьэ икIи зэIухауэ езы зауэм зыхуегъазэ:

**Къыуах нэлат, щымыIэ уэ къыпхуей,**
**Си сатырхэми пщыхуащ я ней,**
**Зауэ!**
*(«Сыхьэт закъуи и IитIыр мыпсэхуу...»)*

Мамырыгъэр игъэлъапIэу, зауэ Iугъуэмрэ шэ фий макъымрэ защидзейуэ Мыкъуэжьым игъэпсащ «Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну...» усэри. Абы усакIуэм щегъэув упщIэ жэуапыншэ куэд: «Зауэм и Iугъуэм щIиуфэм - / Дыгъэм и лажьэр сыт?», «Шэм и фий макъым игъащтэм - / Бзухэм я лажьэр сыт?», «Ем къыщIэхутэм и лъэгум - / Гъэгъам и лажьэр сыт?». А упщIэхэм я къалэн нэхъыщхьэр цIыху къэскIэ зыщIигъэгупсысыжынырщ, щIэблэм къэкIуэну дахэ яIэн папщIэ балигъхэр зэгурыIуэнырщ, зауэ мафIае зэщIамыщIэнырщ. Усэм и купщIэ нэхъыщхьэр къыщыгъэлъэгъуащ абы и кIэух едзыгъуэм:

**Хуейщ сабий цIыкIухэр джэгуну,**
**ЩIым гуфIэу къыщажыхьыну.**
**Балигъхэр зэгурымыIуэм,**
**Сабийм я лажьэр сыт?**
*(«Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну...»)*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер зэрыжиIащи, зауэмрэ мамырыгъэмрэ ятеухуауэ усакIуэ нэхъыфIхэм ятхахэм я купщIэкIи я гъэпсыкIэкIи ябгъурыбгъэувэ хъунущ Мыкъуэжь Анатолэ мамырыгъэм теухуа и усэхэр.

УсакIуэр и псэм щыщ IыхьэкIэ нэхъыбэрэ гуэшэхукIэ, абы къыщыщIэж усыгъэ-псынэр икIуэщIыкIыркъым, атIэ кIуэ пэтми нэхъ уэр, къабзэ мэхъу. И интервьюхэм языхэзым Мыкъуэжь Анатолэ щыжиIэгъащ: «УсакIуэ нэсым и дежкIэ щыIэкъым щхьэ закъуэ насып. Абы и насыпыр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ щIым цIыхуу тетым я насыпым, бэм я насыпым. ИкIи езым и гум къыщрихьэкI дуней хьэрэмыгъэншэм ещхь хъуауэ мы дызытет дунейр илъагъунырщ абы и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр». Мы псалъэхэри усакIуэм и IэдакъэщIэкI дэтхэнэ усэри щыхьэт тохъуэ абы и лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэрылъагэм, адэжь щIыналъэм хуиIэ гурыщIэ къабзэм и кууагъым. Мыкъуэжьым и усэхэм щызэхэжыхьащ хэку лъагъуныгъэри, лъэпкъым и тхыдэри, IуэрыIуатэм и хъугъуэфIыгъуэхэри, анэдэлъхубзэм и къулеягъ-шэрыуагъри. Адыгэм и блэкIа гуузым куэдрэ хуэмысэми, XIX лIэщIыгъуэм икухэм ди лъэпкъэгъухэм хэкур зэрырагъэбгынар, пшахъуэ налъэ зырызурэ хамэщIхэм зэрыщикъухьар сыт щыгъуи усакIуэм и гукъеуэщ, «шэпхъыу и гум хэпхъащ»: «Залымыгъэу залымыгъэ бзаджэт. / Схуегъэхкъым тэмакъым ар: / Сабийхэр балигъхэм еджэу, / Балигъхэр макъкIэ зэщыджэу / Я лъахэм зэрырашар» [«Си нанэу си нанэ дыщэ...»]. Мы зы усэм къыщыгъэлъэгъуащ адыгэм и гупсысэкIэри, и хьэл-щэнри, и лIыгъэри, и бэшэчагъри («Бий куэдым куэдрэ яфыщIми, / И лIыгъэм яхухэмыщIу, / И джатэ Iэпщэр ихутэ»), Хэкум и дахагъри («Си Хэку и дыгъэр гуапащэщ...»), анэдэлъхубзэм и IэфIагъри («КIуэдыжмэ си адыгэбзэр, / ХэкIынущ си адыгэпсэр»). Мыкъуэжьым и бзэр фIыуэ илъагъу къудейм къыщынэркъым, атIэ ар анэм, анэкъилъхум пещI: «Си анэм и гукъеуэр къызэрысхуиIуатэ / Бзэм нэхъ лъапIэ теткъым сэркIэ мы дунейм» - жеIэ, абы къыщымынэуи, усакIуэр бзэм и хъумакIуэу, и къыщыжакIуэу къоув:

**Си бзэм сэрэ дызэтIолъхуэныкъуэу**
**Зы адыгэ анэ дыкъилъхуащ...**
**Здэнукъым сыкъэзылъхуар хаутэу,**
**Здэнукъым хаутэу къыздалъхуар!**
*(«Си бзэм сэрэ дызэтIолъхуэныкъуэу...»)*

Мыкъуэжьым и усыгъэм зы Iыхьэшхуэу хоувэ фIыуэ илъагъу цIыхухэм - адэ-анэм, къуэшым, шыпхъум, щхьэгъусэм, бынхэм, ныбжьэгъухэм - яхуитха усэхэр. Псом хуэмыдэжу гуапэщ анэм хуигъэпса тхыгъэхэр, а образри нэсу усакIуэм къехъулIащ. Абы къыхэгъэщхьэхукI анэм и хьэл-щэн нэхъыщхьэхэр, и псэ зэхэлъыкIэр: анэм и «гъащIэр ехь и быным тегужьеикIауэ», «химыгъэхьэу жэщым», «химыгъэхьэу щIыIэм», псоми зыгуэр къращIэн фIэщIу. УсакIуэм анэмрэ дыгъэмрэ зэрызэригъапщэр адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэщ - а тIур я хуабагърэ гуапагъэкIэ зэхуегъадэ.

Зы усакIуи зэрыхузэфIэмыкIауэ художественнэ Iэзагъ хэлъу Мыкъуэжьым зэрихьэлIащ анэмрэ фIыуэ илъагъу пщащэмрэ яхуиIэ лъагъуныгъэр, абы щыгъуэми, зыр зым пимыдзыхыу, «зэрытемыгъакIуэу», а цIыхуитIым усакIуэпсэм щаубыд увыпIэр къигъэлъэгъуэфащ. Анэмрэ псэм и щIасэ пщащэмрэ я лъагъуныгъэр лIэужьыгъуитIу къогъуэгурыкIуэ, ауэ усакIуэм и гур абыхэм зэхуэдитI яхурищIыкIащ. Усэм и пэщIэдзэм деж Мыкъуэжьым къыхегъэщ «егъэлеяуэ мы щIылъэм фIыуэ цIыхуитI зэрыщилъэгъуар», ар абыхэм сыт щыгъуи «яхуэныкъуэщ», «яхуосакъ». УсакIуэм зи гугъу ищI цIыхуитIыр усэм и кIэух едзыгъуэм наIуэ щохъу:

**Зыр - си анэ дыщэ гумащIэрщ,**
**ФIыуэ слъагъу пщащэрщ адрейр,**
**ТIуми яхуэсщIэр сфIэмащIэщ:**
**Зым къызитащ сэ си гъащIэр,**
**Хуитщ къыпищэнум адрейм.**
*(«Егъэлеяуэ мы щIылъэм...»)*

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм щIыпIэ ин дыдэ щеубыд лъагъуныгъэ лирикэм. УсакIуэм а темэм къыхуегъуэтыф езым и бгъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэ. Псом хуэмыдэу ар нэрылъагъу щохъу игъуэ нэмысу дунейм ехыжа и щхьэгъусэ Мыкъуэжь - Хьэмыкъуэ Маринэ теухуа «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэ-элегием. Ар къэплъытэ хъунущ, езы усакIуэм и лъагъуныгъэ лирикэм и мызакъуэу, адыгэ лирикэм и фIыпIэу.

КъытеувыIапхъэщ Анатолэ «Гущэкъу уэрэд» зыфIища усэми. Ар хуабжьу цIэрыIуэ хъуащ Жылау Арсен макъамэ щIилъхьэу, КъБР-м и цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим жиIэу дунейм къытехьа нэужь. А уэрэдыр гуимыхуж зыщIар абы ди литературэм щыщIэщыгъуэ образ куэд узэрыщрихьэлIэрщ, ахэр усакIуэм бзэм и Iэмал гъэщIэгъуэнхэмкIэ къызэриIуатэрщ:

**Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр**
**Уафэм кIэрыщIащ.**
**Вагъуэ цIыкIухэр щыгъэу**
**Зэбгрыщэщащ...**
**Жэщыр пщIыхь дахащэу**
**Iупхъуэм къызэпхощ,**
**Уэри мыщIэ цIыкIуу**
**Гущэм укъыхощ.**
*(«Гущэкъу уэрэд»)*

Мыбы къыхэщ зэгъэпщэныгъэхэр езы усакIуэм и дунейр къызыпкърыщщ. Къапщтэмэ, адыгэ усыгъэм зэи дыщрихьэлIакъым мазэр тхьэгъу лъэныкъуэм, сабийр мыщIэ цIыкIум егъэпщэным. Ахэр щыхьэт тохъуэ Мыкъуэжьым и «Гущэкъу уэрэдыр» лъэпкъ усыгъэм и мызакъуэу, адыгэ щэнхабзэми гъуазджэми хэлъхьэныгъэфI зэрыхуэхъуам.

Мыкъуэжь Анатолэ езым и дуней къэзыгъэщIыжа, зыми емыщхь хьэтI зиIэж усакIуэщ. Аращ абы и усэхэм языхэзым мыпхуэдэу щыщитхри: «...А си дунейр емыщхь адрейхэм... / Усыгъэ щыгухэм ящыщ зым / Си нып, тедзауэ си дамыгъэ, / ЩыхэстIэжакъэ сэ езым» [«Уэ умы-Блок, умы-Есенин...»]. Мыкъуэжьым и творчествэм и пщIэр ягъэлъахъшэн мурадкIэ, зыгуэрхэм «уэ умы-Блок, умы-Есенин» къыщыжраIэкIэ, усакIуэм абыхэми жэуап екIу яретыжыф, езыми и усыгъэм и мыхьэнэмрэ и псалъэм и лъэщагъымрэ а жэуапымкIэ щIигъэбыдэу:

**Пэжщ, сымы-Блок сэ,**
**сымы-Байрон,**
**Сымы-КIыщокъуэ, сынэгъуэщIщ.**
**СокIуж си гъуэгу, си гъуэгущ**
**сэ скIужыр, -**
**Сэ сы-Мыкъуэжьщ, сэ**
**сы-Мыкъуэжьщ.**
*(«Уэ умы-Блок, умы-Есенин...»)*

Дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, ар зэIухауэ, пэжыр и гъуазэу, и щхьэр зыми хуимыгъэщхъыу матхэ:

**Пащтыхь симыIэ. СиIэкъым**
**Iужажэ.**
**Сыхуиту си щхьэ щIылъэм**
**сыщопсэу.**
**СиIэжщ си фIыгъуэ, ар -**
**си Iэужь тIэкIурщ,**
**Срокъу си закъуэ сэ зы дуней псо.**
*(«Пащтыхь симыIэ. СиIэкъым Iужажэ...»)*

Мыкъуэжь Анатолэ ящыщщ «Дахагъэр зи Тхьэу, Пэжыр зи КъурIэн» усакIуэхэм. Ар зэрыпсэум хуэдэу мэусэ, зэрыусэм хуэдэу мэпсэу.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм*
*я кандидат.*

## Мыкъуэжь Анатолэ и усэхэр

### Дунеижь

Е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэсу,
Уей, дунеижь!
ЦIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэту,
Уей, дунеижь!
АкъылыфIагъэр зыфIэделагъэу,
Уей, дунеижь!
ФэжьIужь делагъэр зыхуэхъужауэ,
Уей, дунеижь!
НэмыукIытагъэр зи жьэгу щыпэкIуу,
Уей, дунеижь!
ЕмыкIур екIум хэзыгъэгъуащэу,
Уей, дунеижь!
Бохъшэ домбейхэм къадеуджэкIыу,
Уей, дунеижь!
Хейр уэчылыншэу щыхаутапэу,
Уей, дунеижь!
Шатащхьэ IувкIэ щыкIар зыгъашхэу,
Уей, дунеижь!
Бэр зи кIэкъинэм хэзыгъэшхыкIыу,
Уей, дунеижь!
Зауэ-зэдауэр зи зэштегъэууэ,
Уей, дунеижь!
Псэ хей гуIэжхэм яхуэгунэфу,
Уей, дунеижь!
ЦIыху уасэр мылъкукIэ къыщапщ-щалъытэу,
Уей, дунеижь!
Гухэлъ уэрэдхэр щафIэауану,
Уей, дунеижь!
ЗдэармырамкIэ еджэрэзэкIыу,
Уей, дунеижь!
ЩыхупIэ нэзым IукIэрэхъухьу,
Уей, дунеижь!
Уи нэ щыпхахэр зэ къэптIэтэжу,
Уей, дунеижь!
Гъуэгу захуэ нэхум дынытепшэжкъэ,
Уей, дунеижь!
Гугъэн-хъуэпсэнкIэ дезыгъэшауэ,
Уей, дунеижь!
Гурыгъ мелуанхэр изыгъэжауэ,
Уей, дунеижь!
Шы дахэ жэркIэ сыпщыгугъами,
Уей, дунеижь!
Шы гъуабжэ мыжэу укъысхущIэкIти,
Уей, дунеижь!

* * *

Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну,
ЩIым гуапэу къедэхэщIэну.
Зауэм и Iугъуэм щIиуфэм -
Дыгъэм и лажьэр сыт?

Хуейщ бзухэр уэгум итыну,
Хуиту уэрэд кърашыну.
Шэм и фий макъым игъащтэм -
Бзухэм я лажьэр сыт?

Удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну,
Еплъ псоми ягу хигъэхъуэну.
Ем къыщIэхутэм и лъэгум -
Гъэгъам и лажьэр сыт?

Хуейщ сабий цIыкIухэр джэгуну,
ЩIым гуфIэу къыщажыхьыну.
Балигъхэр зэгурымыIуэм,
Сабийм я лажьэр сыт?

### Ди кхъухьыр

Ди кхъухьыр уардэт, хуэдэ тенджызышхуэм
Темыт тфIэщIыжу, исхэр дригушхуэрт.
Есыхт адрейхэр, дыдэсейрт ди закъуэ,
Ерыщу толъкъуныдзэм деIэпщакIуэрт.

Тенджызым хабзэ ткIийуэ къыдекIуэкIхэр
Къыдмыдзэт, есых псоми дащIэнакIэрт.
Дыхэтт дблэсыкIхэр тлъэкIым едгъэплъыну,
Зэрытенджызу зыдэдгъэплъеину.

АрщхьэкIэ тенджызышхуэр бэшэчами,
Ди ерыщагъыр куэдрэ хуэшэчакъым:
БорэнкIэ дыкъищIащ натIэрыуапIэ,
Зэхикъутащ ди кхъухьыр хьэбэсабэу.

Толъкъунхэр зэрыхуейуэ ирикъухьу
ЕзыхьэкIыну зи гугъэ ди кхъухьыр
Иджы тенджызым къызыхидзыжауэ
И Iуфэм Iулъкъэ зэтещэхэжауэ...

Дапщэщ ди дыгъэр пшэхэм къыкъуэкIыжу
А псыхьэлъахуэр щигъэгъущыжынур?
А псыхьэлъахуэм кхъухь къыхэтщIыкIыжу,
Тенджызым тетхэм дащыщIыхьэжынур?!

* * *

ГъащIэ-хышхуэ, хэт хьэфэ гъэпщакIэ,
Хэт кхъуафэжьей цIыкIукIэ, хэт кхъухь инкIэ -

Дытехьащи, щхьэж зэрыхуэщIакIэ -
Дэ дыщосыр псори уи толъкъунхэм.

Демызэшу къунтххэр зэфIыдощIэ,
Идодзыхыр хъыхэр уэ уи лъащIэм.

Дожьэ махуэ ди кIэн къыщикIынум -
Ди насып-бдзэжьейр къыщыкъуэкIынум.

Ди мурадым дылъэIэс щытфIэщIым, -
Зэтрекъутэж псори уи жьапщэм.

ДокI зэмани, ифI зыкъыбошэжри,
Гугъэ нэпцIхэм псэр зыщIогъэшэжыр.

Кхъухьым исым джейр хуощIыжыр плъапIэ,
Адрейхэм - щхьэж езым фIэлъапIэр.

Апхуэдэххэу дыбогъэхь ди гъащIэр
ДыщIэтIысыкIыхукIэ уи хы лъащIэм.

...ФIыуэ слъагъурат, насыпу слъытэу,
Си дыщэ бдзэжьейуэ си пщIыхь хэтыр.

Ауэ къунтхкIэ ар къысхуэубыдакъым,
Хъы зыIыгъхэм сэ сыхиубыдакъым.

* * *

Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр
Зи Iэмырым къыдекIэрэхъуэкI,
Хабзэ пхэнжхэу мы ди гъащIэр мыгъуэ
КъытщызыщIхэр щIым щытхузэхъуэкI.

Зи гущIэгъур ин! Дунейм и шхуэIур
Залымыгъэм къытхуIэщIэгъэкI.
Нэмысыншэм цIыху гъэсам и нэкIур
ЩIихулыкIыу хуумыдэ афIэкI.

Хейм и фащэр мысэм щебгъэтIагъэу,
ЩIэпхъаджащIэм хуумыгъэхъу уэчыл.
ИумыгъэщI пэжщIэкъур щIэнэкIалъэ,
Былымаблэм и нэгур гъэджыл.

ЦIыху щэджащэм дзы къыхуебгъэлъыхъуэу,
Iимансызыр щихъыу умыгъэIу.
АкъылыфIэр, и щхьэр игъэлъахъшэу,
Тумыгъэт ахьмакъхэм я бжэщхьэIу.

КъыумыгъэкI и кIэныр нэжэсыгъэм,
ЩIым делагъэм зыщумыгъэубгъу.
ДжэдыгуибгъукIэ зы лIым ухуэупсэу,
Къыумыгъанэ джэдыгуншэу лIибгъу.

Уи гулъытэ хэбну зыхуэфащэр,
Джэгу щIыхьыншэм ирумыгъэщIэкI.
Зи щIалэгъуэу зи хыхьэгъуэр гъащIэм
Ем и жьапщэм ирумыгъэщIыкI.

...ЩекIуэкI псори ди щIыгушхуэм плъагъуу,
ЕпхьэкIар уэ мыилъэс мелуан,
«А уи лъэIухэм хэлъкъым зы щIэщыгъуэ», -
КъысхужыпIэу, сыкъыумыщI ауан.

Ди щхьэщыгум дыгъэр къизыIыгъэу,
Зи IэмыркIэ щIыр къекIэрэхъуэкI,
Пэлъэщауэ е-бзаджейм цIыхугъэр
ЩIы хъурейр зэгуэрым нэху къегъэкI.




● Псалъэжьхэр

## Аслъэн пэтрэ хъумпIэцIэджым щошынэ

- ♦Уи тепIэн еплъи, уи лъэр укъуэдий.
- ♦ЛIыхъужь зи бийм тыншыгъуэ ищIэркъым.
- ♦Уи бийр къыпщытхъурей хъумэ, умыбэлэрыгъ.
- ♦Бийм ущысхьмэ, уIэгъэ ухъунщ.
- ♦Аслъэн пэтрэ хъумпIэцIэджым щошынэ.
- ♦Уи бий лIакIэ уигу жьы думыгъэху.
- ♦Губгъуэм ущымыкъэрабгъэ, унэм ущымылIы хъужь.
- ♦ЦIыху акъылыншэрэ мафIэншэ джэгурэ.
- ♦Джэгугъуэм лIыхъужьщ, зэуэгъуэм жьындущ.
- ♦Шэ цIывами гу шынамкIэ зегъазэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



**Адыгэ пщащэ. Адыгэ цIыхубз. Адыгэ цIыхухъу.**
*Сурэтыр зыщIар наIуэкъым. 1872 гъэ*

# Лъэтеувэ

● Хабзэ

Сабийр къызыхэхъуа унагъуэм ящI тхьэлъэIухэм ящыщщ лъэтеувэр. Ар щащIыр сабийм къикIухьыф хъуа нэужьщ. Мэли щыни яукI, хьэлыуэ Iэнэ яубэ, хьэблэ фызыр ирагъэблагъэ, ягъашхэ, ягъэхъуахъуэ. Апхуэдэу мыбы кърохьэлIэ хамэ къуажэ щыпсэу я благъэ-Iыхьлы фызхэр. Ауэ апхуэдэм цIыхухъу хыхьэ хабзэкъым.

Хьэлыуэ Iэнэр щаупщIатэкIэ сабийр къашэ, утыкум ирагъэувэри йохъуэхъу, лъэтеувэ уэрэд жаIэ:

**Мимэ, мимэ щIы, си дыгъэ,**
**Мимэ, мимэ щIы, си нэху.**
**Лъэтеувэр тхьэлъэIупIэщ.**
**Мимэ пщIырэ уи пIэм уикIмэ,**
**БэкIэ пащIэу, мес, ди дадэ**
**Фадэ пIащIэр и хьэзырщ.**
**Мимэ, мимэ щIы, си дыгъэ**
**Мимэ, мимэ щIы, си фо.**
**Фадэ пIащIэм и нэмыщIу,**
**ГъэлъэхъущIэр пхау кIэрытщ...**

Мы къебжэкIыр кIыхьу, зэхуэмыдэу, щIалэ цIыкIуми хъыджэбз цIыкIуми яхуэгъэзауэ хужаIэрт. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэрей лъэтеувэм а къебжэкI дахэхэр кIэрыхужащ, къанэ щIагъуэ щымыIэу.

Сабийр утыкум ирагъэувэрти, лъэпкъым я нэхъыжь фызыжьыр къыхашырт, сабийм и лъэхъур зэпиупщIын хуейуэ абы елъэIурт. Фызыжьыр сабийм бгъэдохьэ, и щхьэм Iэ делъэ, псалъэ IэфI куэд жреIэ, итIанэ и лъакъуэ цIыкIуитIым доIэбэри сэ иIыгъымкIэ унэ лъэгур захуэу (сабийм и лъакъуэ зэхуакум дэкIыу) иребзэ, мыхэр жиIэурэ: «Лъэхъу цIыкIур изоуд, ялыхь фIыкIэ зегъакIуэ».

Лъэхъу-пщэхъу зэпыупщIым и къежьапIэр гурыIуэгъуэщ. Сабий зекIуагъащIэр лъэпэрапэу, джалэу зыгуэр къыщымыщIын щхьэкIэ жаIэрти, «зэпамыупщIынкIэ» Iэмал имыIэу ябжырт. Абы щыхьэт тохъуэ лъэхъу зэпыупщIыр лъэтеувэм и пэ къихуэу ящIу зэрыщытар. Сабийр къызэфIэувэу лъэбакъуэ ичауэ зэралъагъуу, асыхьэтым сэми лэныстэми зыгуэр къащтэрти зэпаупщIырт.

Лъэтеувэр IэнэтеIэбэ хэмыту ящI хабзэкъым. «И насып зыхэлъыр, IэщIагъэ хуэхъунур зэдгъэщIэнщ», - жаIэри, сабийм и пащхьэм ит Iэнэм хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр хутралъхьэ.

Сабийр яутIыпщри Iэнэм бгъэдагъэхьэ, ар абы телъ хьэпшыпхэм дехьэх, тоIэбэри зыгуэр къытрепхъуэт. КъищтарIэщIагъэ хуэхъуну, абы и насып хэлъу жаIэу фыз къызэхуэсахэр мэгуфIэ, сабийм йохъуэхъу:

**Лъапэ махуэ ичауэ,**
**Узыншагъэ иIэну,**
**Тэмакъ къачэ имыIэу**
**Къэзылъхуам зэдапIыжыну**
**Тхьэм жиIэ!**

Лъэтеувэм кърихьэлIахэм гуфIэгъуэ Iэнэ къыхуащтэ. Псом хуэмыдэу гулъытэ зыхуащIыр сабийхэрщ. Ахэр ягъашхэ, хьэлыуэ яупщIэтам щыщи ират, ягъэджэгу.

Лъэтеувэр ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадекIуэкI хабзэ дахэщ, Iыхьлыхэр зэрызыгъэлъагъущ, сабийхэр зыгъэгуфIэщ. Унагъуэм узыншэу къихъуа дэтхэнэ сабийми ар хуащIу щытащ, ноби а хабзэр щыIэщ.

**БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Барэсбий.**

● ГушыIэ

## Къызэузынур сщIэркъым

Хъуэжэ зы беижь гуэрым лIыщIэу хуэлажьэрт. Беижь нэпсейм зыгъэпсэхугъуэ яримыту лIыщIэхэр мэкъу иригъауэрт. Хъуэжэ тIэу-щэ абы елъэIуащ:

- Къуажэм сегъэхыжи си щыгъыныр зэзгъэхъуэкI, - жиIэурэ.

АрщхьэкIэ ар абы къиутIыпщыртэкъым. Хъуэжэ беижьым зыкIи щыхэмызагъэм, сымаджэ хъуауэ зигъэIури, къуажэм къехыжащ.

КIыхьу укъуэдияуэ гум илъу къашэжурэ унэм къызэрыблэгъэжу, хьэблэр къыпежьауэ псори къеупщIырт:

- Сыт къоузыр? Сыт къыпщыщIар? - жаIэурэ.

Хъуэжэ къыщIэупщIэхэм жэуап яримытыжурэ зыкъомрэ къэкIуа иужькIэ псори къызэхуишэсри, къахэкIиящ:

- Жэмыхьэт махуэ хъун, иджыри пIэм сыгъуэлъа щIыкIэкъым, къызэузынур сщIэркъым, - жиIэри.

**КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.**

● Лъэпкъ шхыныгъуэ

## ЛыхэкIхэм дашх бжьыныхушыпс, шхурэ шатэкIэ щIауэ

Бжьыныхур яукъэбз, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, цIыкIу-цIыкIуу яупщIатэ, убалъэм иралъхьэ, шыгъу щабэ хакIутэри яуб. Фалъэ къащтэри бжьыныху убар иралъхьэ, шхурэ шатэрэ хакIэри, фIыуэ зэIащIэурэ шыбжий плъыжь сыр хакIутэ.

Бжьыныху шыпсыр нэху къекIауэ яшхыркъым, щашхынум ящIу аращ. Лым, жэрумэм, кIуэцI гъэвам я гъусэу нэхъ яшх.

Бжьыныхур лыхьэжым щIамыгъэкIмэ нэхъыфIщ. Япэрауэ, абы щыгъуэ бжьыныхур мэуфIыцI, етIуанэрауэ, витамин С-р мэкIуэд, ещанэрауэ, псыкIэ мэхъу.

**Халъхьэхэр *(цIыхуищ Iыхьэ):***

бжьыныху укъэбзауэ - г 7, шыгъуу - г 7, шхууэ - г 100, шатэу - г 35-рэ, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

# Лъагъугъуей

### *Ущие зыхэлъ таурыхъ*

Зы щIалэ дэгъуэ гуэр псэурт. Дэгъуэ пэтми, абы псори къызэреджэр «Лъагъугъуейт!» ЩIалэр зэгуэудыным нэсат. Абы зы пщэдджыжь гуэрым мурад быдэ ищIащ: «Дыгъэ къуэкIыпIэм щыщIэдзауэ дыгъэ къухьэпIэм нэс ныбапхъэкIэ сыпщами, сэ псори «Лъагъугъуейкlэ» къыщIызэджэр къэзмыщIауэ сыкъекIуэлIэжынкъым!» - жиIэри.

Лъагъугъуей щIэкIри Дыгъэ къыкъуэкIагъащIэм худэгуоуеящ:

- Си нэм хуэдэ Дыгъэ дыщэ! Зи дыгъэпсым гъащIэр дэщIэращIэ! Сыт псори сэ «ЛъагъугъуейкIэ» къыщIызэджэр? - жиIэри.

- Си къухьэгъуэм зыкърebгъэхьэлIэфмэ, жэуап тэмэм уэстыжыну укъызогъэгугъэ, - жи Дыгъэм, - Ауэ иджыпстукIэ сыжейбащхъуэщи, къысхуэгубзыгъыжыр зы закъуэщ: уэ си нурым ухисхьэн уи гугъэу зыкъызэрысщыбдзейм щхьэкIэ, цIыхухэм ауанышхуэ укъызэращIым сыщыгъуазэщ. Аращ зэкIэ сэ жэуапу уэстыфынур. АдэкIэ Уафэм еупщI.

- Еееей, Уафэ къащхъуэ! Уафэ къащхъуэ! - Лъагъугъуей уафэм догуоуей: - Уэ си Iуэхум сыт хэпщIыкIрэ?

- Хьэ-хьэ-хьэхь! - къыщодыхьэшх абы Уафэр. - УщIэсIубэн уи гугъэу укъызэрысщышынэм Iэджэ щIауэ сыщыгъуазэщ. Абы щхьэкIэ, цIыхухэр дэнэ къэна, уэгум ит къуалэбзухэр къыпщодыхьэшх. АдэкIэ ЩIылъэ щхъуантIэм сыт къыбжиIэфыну пIэрэ?

- Еееей, ЩIылъэ щхъуантIэ, ЩIылъэ щхъуантIэ! - Лъагъугъуей ЩIылъэ щхъуантIэм йолъэIу. - КхъыIэ, си гуныкъуэгъуэм хэпщIыкIIамэ къызжеIэ.

- Сэ узэрысцIыхурэ укъыспхрыхун уи гугъэжу уогужьей, - жи ЩIылъэ щхъуантIэм. - Абы щхьэкIэ дуней къытехьэ уимыIэу унэ жьауэм ущIэсщ. Ар ящIэри, уэгум ит къуалэбзухэр дэнэ къэна, мэзым щIэт хьэкIэкхъуэкIэхэр къыпхуодзэлашхэ. АдэкIэ сэ зэзэмызэ сыщIэзыуфэ Пшагъуэм сыт къыбжиIэфыну пIэрэ?

- Еееей, Пшагъуэ фIыцIэжь! Пшагъуэ фIыцIэжьу шынагъуэ! - Лъагъугъуей Пшагъуэм йоупщI: - Сэ сызищIалэ дэгъуагъ псори «ЛъагъугъуейкIэ» щхьэ къызэджэрэ?

- Уэ апхуэдизкIэ сэ укъысщошынэри, дунейм сыкъызэрытехьэу, уи псэр хьэршым докIуеиж, - жи Пшагъуэм, - укъысхэгъуэщыхьу укIуэдыпэну къыпщохъу. Ар лIыгъэтIэ? Абы щхьэкIэ, мэзым щIэт хьэкIэкхъуэкIэхэр дэнэ къэна, бадзэхэр къыпщодыхьэшх. АдэкIэ Уэшхым уеупщIмэ, зыгуэр къыбжиIэфыну къысщохъу.

- Еееей, Уэшх! Уэшх! - жи Лъагъугъуей. - Си гур къэзыгъачэ гуауэм уэ сыткIэ ущыгъуазэ?

- Сэ уэ фошыгъум хуэдэу узгъэткIун уи гугъэжу укъысфIолIыкI, - жэуап къетыж Уэшхым. - Сэ сыкъыщешхкIэ, псынщIэу унэм зыщIодзэж. ЕмыкIукъэ ар? Мис, абы щыгъуазэщи, бадзэхэр дэнэ къэна, гъудэхэм урааyанщ. АдэкIэ Уэсым къыбжиIэм едаIуэ!

- Еееей, Уэс! Уэс къесагъащIэу хужь! Мы цIэ угъурсызыр сэ щхьэ къысфIащынкIэ хъуа? - Лъагъугъуей Уэсым йоупщI.

- Ар къыщIыпфIаща щхьэусыгъуэм псоми сэ сыщыгъуазэкъым, - жеIэ Уэсым. - Ауэ сэри зыгуэркIэ абы сызэрыхэпщIар сощIэж. СызэрыхэпщIари мыращ: сэ сыкъыщескIэ, узэщIэзгъащтхьэу усIэщIэукIэну фIэкIа уи гугъэкъым. Абы щхьэкIэ, гъудэхэр дэнэ къэна, дзыгъуэжь цIыкIухэм я лъыр къыпхуоплъ. АдэкIэ мо къыкъуэуа Жьапщэм къыбжиIэм едаIуэт!

- Еееей, Жьапщэ! Жьапщэ! - Лъагъугъуей Жьапщэм йоджэ. - ПыIэ щхьэрыхыу сынолъэIу, си Iуэхум хэпщIыкIIамэ къысщумыбзыщI!

- Хьэ-хьэ-хьэхь! - Жьапщэр абы къыщодыхьэшх. - ТхьэмыщкIэжь мыгъуэ! Унэм ущIэсурэ ущIэгъуэтыхьащ. Моуэ дунейм тIэкIу укъытехьэу сызыщIэбгъапщэмэ, сыт ягъэ кIырэ? Уесхьэжьэу мы щIы хъурейм утесхыжын къыпфIэщIу щхьэ укъысфIэлIыкIрэ? Абы щхьэкIэ дзыгъуэжь цIыкIухэр дэнэ къэна, хъумпIэцIэджхэр къызэрыпщыдыхьэшхыр пщIэжу узиIэ! Абы нэхъ жэуап тэмэм уэ спыпхыфынукъым. Иджы, уэ лIыгъэ уиIэмэ, мо зи къухьэгъуэ хъуа Дыгъэр зыIэщIумыгъэкIыу зэ еупщIыж: пщIэжрэ нышэдибэ абы укъызэригъэгугъауэ щытар?

Лъагъугъуей гужьеяуэ Дыгъэм йогуо:

- Еееей, си псэм хуэдэ Дыгъэ дыщэ! Зи дыгъэпсым гъащIэр дэщIэращIэ! Мис, иджы уи къухьэгъуэм зыкърезгъэхьэлIащ. Жэуап нэс къызэптыну пыIэщхьэрыхкIэ сынолъэIу: сыт сэ сызищIалэ дэгъуагъ, сызищIалэ дахагъ псори «ЛъагъугъуейкIэ» къыщIызэджэр?

- Мис, иджы си жейбащхъуэри сщхьэщыужащ, си махуэ гъуэгуанэри къесхьэлIащи, гупсэхуу жэуап уэстыфынущ, - жи Дыгъэм, и иужьрей дыгъэпсыр щIылъэм къытридзэжурэ. - Пэжщ, уэ ущIалэ дэгъуэщ, ущIалэ дахэщ! Ауэ теплъэкIэ удахэ къудейр зыми и пэрмэнкъым. ЦIыху дахэкIэ узэджэнур гукIэ, хьэл-щэн дахэкIэ, лэжьэкIэ екIукIэ дунейм тетыфыращ. Уэ а псоми гу лъумытэу е лъыптэну ухуэмейуэ хуэмыхугъэм зыдебгъэхьэхащ. Ухуэмыхукъэ - улъагъугъуейщ. Арaщ уэ псори «ЛъагъугъуейкIэ» къыщIоджэр. АдэкIэ уэ егупсысыж. ПщIэнуми ухуитыжщ.

Ар жиIэри Дыгъэр къухьэжащ.

- Еееей, си Дыгъэ дыщэ! - кIэлъыгуоуащ Лъагъугъуей Дыгъэм. - Пщэдей уи къыкъуэкIыгъуэ хъухукIэ си дуней тетыкIэм зезгъэхъуэжыну укъызогъэгугъэ!

Лъагъугъуей и псалъэр игъэпэжауэ жаIэж. Абы и ужькIэ псори абы «ЩIалэ лъагъугъуафIэкIэ» къеджэ хъужауэ, дунейм куэдрэ тетыжауи яIуэтэж.

**ДУДАР Хьэутий.**

● ЖыIэгъуэхэр

## ЛъапIэ пщIыну узыхуэмейм умылъыхъуэ

- ■Зы махуэм щэ ныкъуэрэ Iущ дохъу, ауэ пэщ тхуэхъуркъым.
- ■Пэжым жыIэкIэ иIэщ: къыгуэплъэфмэ, зэранщ.
- ■Пэжымрэ пцIымрэ, фIымрэ Iеймрэ дунейр къызэриухуэрэ щIакIуэкIапэ зэдытетщ.
- ■ЖыпIэнур зэтрихьэмэ, псалъэ узыхуэмейр япэу къыбжьэдолъэт.
- ■ЖыIэкIэмыщIэм гупсысэ дахэри фэладжэ ещI.
- ■ КъыпхуэзымыщIэнуIам псалъэ дахэ куэд къыпхуригъэкIуэкIынущ: ари Iей дыдэкъым.
- ■ПсалъэкIэ зэIыпщIар IуэхукIэщ зэрыпхуэзэIыхыжыр.
- ■Щэху цIыкIуу жыпIэну зы псалъэр мэву.
- ■Гукъанэ пщIыпхъэр блэбгъэкIмэ, губгъэни къыхокIыж.
- ■ЖыпIам нэхърэ жумыIам ухущIегъуэжмэ нэхъыфIщ: хьэргъэшыргъэншэщ.
- ■Зыгуэрым удежьуун хуей хъумэ, уэрэдыр къыхэх.
- ■КъыпщIэупщIэ псом уи Iуэху зэрахуэркъым, езыхэми я щхьэ я лажьэщ: жэуапым кIэщI зегъэщI.
- ■ЛъапIэ пщIыну узыхуэмейм умылъыхъуэ.
- ■Ныбэизым ущие хэзагъэркъым.
- ■Тхьэусыхэрейм лейуэ ущIэмыупщIэ, щIэ зэхэпхынукъым.
- ■ПIащIэгъуэм пщигъэгъупщэр гъуэгу теуви къэпщIэжынщ.
- ■Уэшхыр блэкIащ жыпIэу щIакIуэншэу зыкъыумыгъанэ: къыщыблэкIыжынур пщIэнукъым.
- ■ Узыхуэмыныкъуащэм зыхуэгъэныкъуэ.
- ■Уи щIыхуэ зытелъым и жагъуэ имыщIу къуитыжмэ, Iуэхутхьэбзэу лъытэ.
- ■Чэнджащэ кIыхьым къихьыр зыщ: пэжми шэч къытрыуегъэхьэж.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Прозэу тха усэхэр

### «Бзагуэ»

Бзагуэу къафIэщIурэ зыгуэр зыкъомрэ екIуэкIащ. ИтIанэ и бзэр къиутIыпщыжри, хъущIэу хуежьащ:

- Иджыри къэс жыфIа псоми хъуну зыри хэлъкъым!
- Уэ...убзагуэтэкъэ?
- Хьэуэ.
- НтIэ, зыри жыпIэртэкъыми?..
- Зыри сигу ирихьыртэкъыми, зыри жысIэртэкъым.
- НтIэ, иджы ирихьыжауэ ара?
- Иджы сыт жыпIэми мэхъу.

### ХьэщIэм и чэнджэщ

Илъэсибгъум ит Маринэ унэ лъэгу къилъэсми, пэшыр зэлъыIуихми, тхылъ еджэми, - сыт ищIэми дзапэ уэрэд тIэкIу жиIэ и хабзэт. Маринэ и уэрэд жыIэкIэр унэм щIэсхэм ягу ирихьыртэкъыми, махуэ псом зэхэпхыр зыт: «Маринэ, бэяу! Бэяу, Маринэ!»

ХьэщIэ къахуэкIуат зэгуэр унагъуэми, гу лъитэщ абыи, щIэупщIащ:

- Уа, мы Маринэ щхьэ Iуэху фщIырэ?
- Iэмал хуэдгъуэтыркъым, уэрэд тфIыжеIэ; жиIэфми зыгуэртэкъэ, джэду гурым фIэкIа пщIэнкъым.
- И гугъу фымыщIу зэ феплъыт, - жи хьэщIэм. - Ар щIэгурымыр фыпэроуэри аращ. Уэрэд жызыIэ цIыхум къыпэрыуэ щымыIэу, и псэр хуиту, и гур утIыпщауэ щытын хуейщ. ИтIанэщ абы и макъыр къыщиутIыпщынури.

**КЪЭЖЭР Хьэмид.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. УэрэджыIакIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист Къуныжь... **4**. Колхоз тхьэмадэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ... Хьэсэн. **7**. УимыIыхьлы, уимыблагъэ. **8**. Хабзэм къемызэгъыу, щэхуу зэIэпах ахъшэ. **9**. ХадэхэкI. **10**. Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфIэфI. **12**. ...-ешхэ къикIыжа лIыр нэжэгужэу унэм къыщIыхьэжащ. **13**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **14**. МывэкIэ е пхъэбгъукIэ пщIантIэм ихъуреягъкIэ къещIэкIа. **16**. Дзыдзэ лъэпкъым щыщ хьэкIэкхъуэкIэ, щэ куэд телъу. **19**. КIыщокъуэ Алим и роман «Нал ...». **20**. ГъущIхэкIым пыщIа IэщIагъэ. **21**. Псыщхьэ тещтыкIа. **24**. Дунейм ехыжам щхьэкIэ жаIэ хабзэщ: «... нэху Тхьэм кърит!» **26**. Адыгэм къыхэкIа еджагъэшхуитI-зэкъуэшитI: зыр физикщ, адрейр филологщ. **27**. Мэлыхъуэ пщыIэ. **28**. Армэм дэкI и къуэрылъхум лIыжьым жреIэ: « ... жегъэIэ!» **29**. Зауэ нэужьым къуажэм нэхъыбэу дэта, колхозым къыщагъэсэбэпа «транспорт». **31**. Бгырыпхыщхьэ. **33**. Ныкъусаныгъэ, сэкъат, ... **34**. Абы дыгъужьыр бэлацэу къыщохъу. **35**. ЩIыпIэ хуабэхэм щыIэ хьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ, джэду абрагъуэ. **36**. Сату Iэмэпсымэ.

***Къехыу:*** **1**. Хьэулейуэ дэт хьэ. **2**. Iэщ гъэхъуным пыщIа IэщIагъэ. **3**. Шыуанышхуэ. **4**. Егъэлеяуэ нэпсей. **5**. Пхъум и щхьэгъусэ. **6**. Макъ псыгъуэ цIыкIукIэ джэ пкIауэ лъэпкъ е адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ. **11**. Гъуэгубгъухэм Iут, унагъуэ куэдым ягъэкI пхъэщхьэмыщхьэ жыг. **12**. ЦIыху ткIий, гущIэгъу зыхэмылъ. **15**. Лондон щекIуэкIа Олимп зэхьэзэхуэм Махуэ Билал ... увыпIэр къыщихьащ. **17**. ... хиса жыгыр мэгъу. **18**. Ямыупсу щхьэкум кърaнэу щыта щхьэц Iэрамэ. **22**. Пасэрей шабзэ лIэужьыгъуэ. **23**. Сосрыкъуэрэ иныжьымрэ ... зэдэджэгуащ. **25**. Адыгэ уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **26**. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы. **28**. Муслъымэн лъэпкъышхуэ. **30**. Адыгэ IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, Андемыркъан пщышхуэм ещащ мыпхуэдэу: «Беслъэней пцIапцIэу ..., си шэм и кIуэкIэр уигу ирихьа?» **31**. Iэщ цIыкIу. **32**. Дуней псом щикъухьа лъэпкъ е къэбэрдей тхакIуэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэкъуауэгъуэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **6**. Хьэщпакъ. **7**. Ашэмэз. **8**. Бру. **9**. Къады. **10**. Псым. **11**. ПцIэгъуэплъ. **12**. Берн. **15**. Тебэ. **17**. Былым. **20**. Псыжь. **21**. Ерыщ. **24**. Косыгин. **30**. Ахъшэ. **31**. Шэрхъ. **33**. Хъурыфэ. **35**. Сонэ. **36**. Джыдэ. **37**. Пулемет. **40**. Нэхущ. **41**. Урыху. **43**. Дыху. **44**. Аброкъуэ. **45**. Накъырэ.

***Къехыу:*** **1**. Жэпкъ. **2**. Хъарып. **3**. Лэрыгъу. **4**. Пшэплъ. **5**. Лэкъум. **13**. Егъу. **14**. «Насып». **15**. Тхыдэ. **16**. Бо. **17**. Бжьэ. **18**. Лыжь. **19**. Мет. **22**. Псы. **23**. Бгы. **25**. Махъшэ. **26**. Шэрэдж. **27**. Дэхъу. **28**. Бжы. **29**. Пшэ. **32**. Фо. **34**. Уд. **37**. Пщыкъуэ. **38**. Емышэ. **39**. Тубай. **40**. Нобэ. **42**. Хуарэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Гугъуэт Заремэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №838